ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№10 (24.448) • 2023 гъэм щIышылэм (январым) и 28, щэбэт • Тхьэмахуэм щэ къыдокI • И уасэр зы тумэнщ •

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэм къызэритамкIэ

# ЩIыналъэм и зэIузэпэщым и хэкIыпIэхэр

**КъБР-м и Iэтащхьэм иригъэкIуэкIащ ухуэныгъэхэмрэ псэупIэ коммунальнэ Iуэхутхьэбзэхэмрэ ятеухуа зэIущIэ. Абы хэтащ КъБР-м и Правительствэм и УнафэщI Мусуков Алий, КъБР-м и Iэтащхьэм и администрацэм и УнафэщI Къуэдзокъуэ Мухьэмэд, КъБР-м и Правительствэм и УнафэщIым и япэ къуэдзэ Къуныжь МуIэед, министрхэр, щIыналъэхэм я администрацэхэм я унафэщIхэр.**

РЕСПУБЛИКЭМ и Iэтащхьэр тепсэлъыхьащ цIыхухэм я псэукIэр, жылэхэм щызэфIах Iуэхутхьэбзэхэр егъэфIэкIуэным теухуауэ щIапхъэхэм. Я гугъу ищIащ муниципалитетхэр федеральнэ, щIыналъэ программэхэм хэтыну Iэмал зэраIэр, ухуэныгъэ, гъуэгу, транспорт, псэукIэм ехьэлIа Iуэхутхьэбзэ, нэгъуэщIхэри егъэфIэкIуэным теухуауэ.




КъБР-м ухуэныгъэмрэ псэупIэ-коммунальнэ IуэхущIапIэмкIэ и министрым и къуэдзэ, КъБР-м и архитектор нэхъыщхьэ **Унэжокъуэ Астемыр** жиIащ КъБР-м и Iэтащхьэм и унафэкIэ зэрызэхагъэувар щIыналъэм щекIуэкIыну ухуэныгъэхэр, зыгъэпсэхупIэхэр зэIузэпэщ зэращIынур щыубзыхуа дэфтэрыр. 2019 гъэм щегъэжьауэ лэжьыгъэшхуэхэр йокIуэкI муниципалитетхэм я ухуэныгъэ дэфтэрхэр Урысей Федерацэм и ухуэныгъэ кодексым къигъэувхэм тегъэхьэнымкIэ. Ягъэбелджылащ щIыналъи 10-м, къалэ округи 3-м, къали 7-м, къуажэ 80-м я щIыпIэхэр зэрагъэтэмэмыну щIыкIэхэр, коммунальнэ, транспорт хуэIухуэщIэхэм зегъэужьыным теухуа Iэмалхэр.

КIуэкIуэ Казбек унафэ ищIащ къалэ ухуэныгъэхэр къызэзыгъэпэщ советхэм я лэжьыгъэр щIагъэхуэбжьэну, проектхэм зэIухауэ тепсэлъыхьыну, щIыналъэхэм ухуэныгъэхэр къызэрызэрагъэпэщынур ягъэбелджылыну.

КъБР-м транспортымрэ гъуэгу хозяйствэмкIэ и министр **ДыщэкI Аслъэн** тепсэлъыхьащ гъуэгубгъухэм иIэ итхъахэм я щытыкIэм, ар зэрыратхъэ автотранспортхэр зэгъэпэщынымрэ гъуэгухэм мывэ кIэщхъ текIутэнымрэ теухуауэ щIыналъэхэм зэрадэIэпыкъупхъэм. Министрыр къытеувыIащ хьэлъэзешэ автотранспортхэр фIей якIэрылъу ухуэныгъэ щекIуэкI щIыпIэхэм къызэрыдэкIыжым къишэ зэраныгъэхэм, абы унафэ тещIыхьын зэрыхуейм.

- А Iуэхугъуэм гулъытэ хуэтщIатэмэ, ди гъуэгухэри нэхъ къабзэу щытынут, - къыхигъэщащ ДыщэкIым.

Налшык къалэ администрацэм и унафэщI **Ахъуэхъу Таймураз** жиIащ министрым зи гугъу ищIа Iуэхум ар зи пщэрылъхэр ГИБДД-м и лэжьакIуэхэр ящIыгъуу зэрелэжьыр.

ЗэIущIэм щытепсэлъыхьащ псэупIэ-коммунальнэ IуэхущIапIэм и лэжьыгъэр зэзыгъэуIу управленэ къызэгъэпэщыным. ЗэрыжаIамкIэ, апхуэдэ къулыкъущIапIэм Iэмал къаритынущ псэупIэ-коммунальнэ Iуэхутхьэбзэхэм я фIагъымрэ щIат пщIэмрэ зэрызэхуэкIуэм тыншу цIыхухэр кIэлъыплъыфыну. ЗэIущIэм щызэгурыIуащ ар зыхуэдэнур ягъэбелджылыну.

Лъэпкъ проектхэмрэ федеральнэ программэхэмрэ щытепсэлъыхьым, Iэтащхьэм къыхигъэщащ абыхэм я фIагъымрэ и пIалъэм ягъэзэщIэнымрэ зэхуэкIуэн зэрыхуейр. Мы гъэм республикэм щаухуэ е къагъэщIэрэщIэж еджапIэу 40. Школи 9 яухуэнущ, 7-м лэжьэн щIадзэну хьэзырщ. Республикэ клиникэ сымаджэщым сымаджэхэр япэу здекIуалIэ и къудамэщIэ хащIыхьынущ, зыхуей хуагъэзэнущ Налшык, Щоджэным и уэрамым тет сабий сымаджэщыр.



# Я нэIэ зытрагъэтыпхъэхэр

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек хэтащ КъБР-м щыIэ КъэралкIуэцI IуэхухэмкIэ министерствэм и коллегием.**

IЭТАЩХЬЭМ зэрыжиIамкIэ, щытыкIэр зэрыгугъум емылъытауэ КъБР-м щыIэ МВД-м и къулыкъущIапIэ псоми я пащхьэ къит къалэнхэр зыхуей хуэзэу иригъэкIуэкIащ. ЩIыналъэм щалэжьа щIэпхъаджагъэ къызэрыгуэкIхэми, нэхъ хьэлъэхэми, дыгъуакIуэхэми, зэзауэхэми я бжыгъэм хэщIащ, къыщIагъэща Iуэхухэри нэхъыбэщ.

БалигъыпIэ имыува ныбжьыщIэ-щIэпхъаджащIэхэри нэхъ мащIэ хъуауэ къалъытащ. «Абы и лъэныкъуэкIэ социальнэ IуэхущIапIэхэм, егъэджакIуэхэм, адэ-анэхэм ядэлэжьэн хуейщ. Дэтхэнэ зы сабийми щхьэхуэу узэрыдэлажьэм, псом хуэмыдэу жылагъуэм и дэIэпыкъуныгъэ хуэныкъуэ унагъуэхэм къахэкIахэм, мыхьэнэшхуэ иIэщ.

Гъуэгум къыщыхъу-къыщыщIэхэр нэхъ мащIэу щытащ 2022 гъэм, хэкIуэдахэм я бжыгъэми хэщIащ, машинэмрэ абыхэм я зэхэзежэмрэ нэхъыбэ хъуа пэтми. Ар зи фIыгъэр къулыкъущIапIэхэр зэрыщIэу зэрызэдэлажьэрщ, гъуэгухэм я фIагъыр зэрыхагъахъуэрщ, ГИБДД-м и лэжьыгъэр тэмэму къызэрызэригъэпэщырщ», - жиIащ КIуэкIуэм.

КъБР-м щыIэ МВД-м и пщэрылъхэр къызыхуэтыншэу зэфIигъэкIащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэр къызэрыунэхурэ илъэси 100 щрикъум ехьэлIа дауэдапщэхэр щекIуэкIами.

«Хабзэхъумэ IуэхущIапIэхэм я лэжьакIуэхэм я нэIэ нэхъ зытрагъэтыпхъэу къонэж терроризмэр, экстремизмэр, зэныкъуэкъур, экономикэ щIэпхъаджагъэхэр, кибер Iуэху фIейхэр къэмыгъэхъуныр. Иджырей технологиехэр къагъэсэбэпу лъэпкъ, дин зэпэщIэувэныгъэхэр, цIыху зэныкъуэкъухэр къэзыгъэхъеину зи гуращэ экстремистхэмрэ радикалхэмрэ япэщIэтыныр сыт щыгъуи къалэн нэхъыщхьэу щытщ. Си гугъэщ а Iуэхухэр зэпIэзэрыту екIуэкIыным хабзэхъумэ IэнатIэхэм я лэжьакIуэхэр сыт щыгъуи хуэдэу егугъуну», - дыщIигъуащ УнафэщIым.

КIуэкIуэ Казбек КъБР-м щыIэ МВД-м къулыкъу щызыщIэ псоми фIыщIэ яхуищIащ ди республикэм ис цIыхухэм я шынагъуэншагъэр зыхуей хуэзэу къызэрызэрагъэпэщым папщIэ.

# ФIыкIэ узыгъэзэгугъэ

**КIуэкIуэ Казбек «Газпром» акционер зэгухьэныгъэм (ПАО) и департаментым и унафэщI Марков Владимиррэ «Газпром межрегионгаз» ООО-м и тхьэмадэ Густов Сергейрэ яхуэзащ. Ахэр тепсэлъыхьащ 2021 - 2025 гъэхэм ятещIыхьа программэм ипкъ иткIэ республикэм газыр щызэлъэгъэIэсынымкIэ щрагъэкIуэкI лэжьыгъэр зыхуэдэм.**

КЪЭДГЪЭЛЪАГЪУЭМЭ, 2022 гъэм къриубыдэу Тэрч районым щаукъуэдиящ газ зрикIуэ бжьамиишхуэу къуажэ зэхуакухэр зэпызыщIэр, къагъэсэбэпар зыхуэдизыр къэзыгъэлъагъуэ Iэмэпсымэхэри щIыпIэ зыбжанэм щагъэуващ. Мы илъэсым я мурадщ газыр зэзыгъэзахуэ станцхэм ящыщу 9-р къагъэщIэрэщIэжыну, ар зэбгрызыш бжьамийхэм зы къыхагъэхъуэну.

«Программэр IэмалыфIщ Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхухэм я псэукIэ, экономикэ я лъэныкъуэкIэ нэхъри зиужьынымкIэ. Псалъэм папщIэ, Тырныауз щыIэ пцIий къыщIэхыпIэм газ зэретшалIэр, зэрыгурыIуэгъуэщи, щхьэпэщ а комбинатыр лажьэу ирагъэжьэжынымкIэ, зэрыщытам ефIэкIыжу зиужьыжынымкIэ. Ди мурадщ республикэм и промышленностым зыкъегъэужьыжыным телажьэ IуэхущIапIэ псоми 2026 гъэм ирихьэлIэу газ етшэлIэну», - къыхигъэщащ Густов Сергей.

ЗэIущIэм хэтахэр тепсэлъыхьащ газ уасэр зэрат щIыкIэм, и къэгъэсэбэпыкIэр шынагъуэншэу зэрыщагъэтыпхъэм, нэгъуэщIхэми. Щхьэхуэу и гугъу ящIащ зи Iуэху нэхъ хуэмыщIахэм газ яIэ хъуным теухуауэ щыIэ хэкIыпIэхэм.

ЗэIущIэм къыщыхагъэщащ УФ-м и Президентым и унафэкIэ социальнэ IуэхущIапIэхэм газыр ешэлIэныр къэралым и Правительствэм пIалъэншэ зэрищIам. Апхуэдэу, ди республикэр къэтщтэнщи, Дыгулыбгъуей къуажэм дэт поликиникэу гъэ кIуам мардэщIэхэм къитIасэу зэрагъэпэщыжам махуитI ипэкIэ газ ирашэлIащ.

КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек Марков Владимиррэ Густов Сергейрэ фIыщIэ яхуищIащ цIыхухэм я псэукIэр зыхуэдэнумкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ IуэхухэмкIэ республикэм зэрызыкъыщIагъакъуэм папщIэ.

adyghe@mail.ru • adyghepsale.ru • apkbr.ru • smikbr.ru • Адыгэ Псалъэ • Адыгэ Псалъэ



● КъБР-м и Парламентым

# Унагъуэхэм зыщIагъакъуэ

**КъБР-м и Парламентым и Унафэщl Егоровэ Татьянэ зи чэзу зэlущlэ иригъэкlуэкlащ. «Правительствэм хухах сыхьэтым» хыхьэу, депутатхэр тепсэлъыхьащ Украинэм зи къалэнхэр щызыгъэзащlэхэм я унагъуэхэм зэрадэlэпыкъу lэмалхэм.**

АБЫ ТЕУХУАУЭ къэпсэлъа КъБР-м лэжьыгъэмрэ социальнэ дэIэпыкъуныгъэмкIэ и министр **Асанов Алим** зэрыжиIамкIэ, Украинэм зи къалэнхэр щызыгъэзащIэхэм я унагъуэхэм защIэгъэкъуэныр республикэм сыт и лъэныкъуэкIи къыщызэгъэпэщащ. Апхуэдэу, 2022 гъэм фокIадэм и 21-м УФ-м и Президентым «УФ-м дзэм еджэным теухуауэ» и унафэкIэ КъБР-м и дзэ комиссариатым ириджа зауэлIхэм яхуэгъэзауэ КъБР-м и Iэтащхьэм «ЗауэлIхэмрэ абыхэм я унагъуэхэмрэ зэрадэIэпыкъу Iэмалхэм дыщIагъухэм теухуауэ» и Унафэм тету, мазэ къэс сом мин 25-кIэ зыщIагъэкъуэну ягъэуващ. УIэгъэ, фэбжь зыгъуэтахэм - сом мини 100-рэ сом мин 300-кIэ (уIэгъэ ягъуэтам и хьэлъагъым елъытауэ), зауэм хэкIуэдам и унагъуэм - сом зы мелуан.

КъБР-м и Iэтащхьэм и унафэкIэ, унагъуэм иратын хуей дэIэпыкъуныгъэхэр зыхуэдизыр я хэхъуэхэм тещIыхьауэ щагъэбелджылыкIэ, Украинэм щекIуэкI Iуэхухэм къалэн щызыгъэзащIэхэм къахьыр халъхьэнукъым. А Iэмалыр хуэгъэзащ 2019 гъэм дыгъэгъазэм и 23-м «Ещанэ сабий, нэхъыбэ къызыхэхъуэ унагъуэхэм мазэ къэс зэрызыщIагъакъуэм теухуауэ» КъБР-м и ЗаконымкIэ ят ахъшэм, «Унагъуэм, анэм, адэм, сабиигъуэр хъумэным теухуауэ» КъБР-м и Законым и Iыхьэ 17-1-м, егъэджэныгъэ IуэхущIапIэхэм сабийм къыщыхуащIэ Iуэхутхьэбзэхэм адэ-анэм трагъэкIуадэм и Iыхьэ етыжыным теухуауэ КъБР-м и Правительствэм 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 6-м къыдигъэкIа унафэ №166-ПП-м.

Украинэм щекIуэкI Iуэхум хэтыну кIуахэм я унагъуэхэм зэрызыщIагъакъуэр ирагъэфIэкIуэн мурадкIэ, социальнэ Iуэхутхьэбзэхэр къызэзыгъэпэщ IуэхущIапIэхэм я лэжьакIуэхэм унагъуэхэр къызэхакIухьащ, я псэукIэм, нэхъ зыхуэныкъуэм зыщагъэгъуазэу.

Дзэ Iуэху хэхам хэтхэм я бынхэр гъэмахуэм зыгъэпсэхупIэхэм ягъакIуэ, апхуэдэуи медицинэ Iуэхутхьэбзэхэр «Радуга» сабий IуэхущIапIэм чэзум хэмыту щыхуащIэ, щыгъынкIэ, ерыскъыкIэ зыщIагъакъуэ, нэгъуэщIхэмкIи доIэпыкъу. Сабий ныкъуэдыкъуэ зиIэхэм я хэхъуэхэр къамылъытэу, социальнэ Iуэхутхьэбзэхэр хуащIэ. КъищынэмыщIауэ, къулыкъу зыгъэзащIэм и щхьэгъусэр е лэжьэну хуитыныгъэ зиIэ и быным доIэпыкъу IэщIагъэ гуэр зрагъэгъуэтынымкIэ, IэнатIэ къахуэгъуэтынымкIэ, дэфтэрхэр яхуэгъэхьэзырынымкIэ.

- Украинэм кIуэну ираджахэм псоми сом мин 50 иратащ. Абыхэм къыхуащэхуащ нэхъыбэу зыхуэныкъуэну хьэпшыпхэмрэ ерыскъыхэкIхэмрэ (генераторхэр, кIапсэхэр, щIымахуэ щыгъынхэр, вакъэхэр, н.къ.). Къуажэ зыбжанэм я щIыпIэ администрацэхэм зауэлIхэм хурагъэшащ ахъшэрэ зыхуэныкъуэ хьэпшыпхэмрэ, - жиIащ министрым.

Абы къызэрыхигъэщамкIэ, дзэм къулыкъу щызыщIэхэм я унагъуэхэм Iэмал яIэщ пщIэншэу кIуэну республикэм и щэнхабзэ IуэхущIапIэхэм. Библиотекэхэм Iуэхугъуэ къыщызэрагъэпэщхэми ахэр ирагъэблагъэ. Илъэсыщ Iэм ирихьэлIэу, Къэбэрдей-Балъкъэрым и артистхэр хэту ирагъэкIуэкIа нэгузыужь пшыхьхэм апхуэдэ унагъуэхэр щыIащ.

КъищынэмыщIауэ, дзэ къулыкъум ираджахэр фIагъ лъагэ зиIэ медицинэ дэIэпыкъуныгъэ хуей хъумэ, хуащIэ, я бынхэр къэрал спорт IуэхущIапIэ егъэтхынымкIэ, спорт щыгъынхэмкIэ къызэрагъэпэщынымкIэ зыщIагъакъуэ.

КъБР-м волонтёр Iуэхум зыщегъэужьынымкIэ ресурс центрым епхауэ #МЫВМЕСТЕ щIыналъэ штабыр мэлажьэ. Абы и къудамэхэр къалэ округхэмрэ муниципальнэ районхэмрэ щыIэщи, цIыхухэм сыт и лъэныкъуэкIи ядоIэпыкъу. 2023 гъэм щIышылэм и 11-м ирихьэлIэу щIыналъэ штабым зыкъыхуагъэзащ дзэм къулыкъу щызыщIэхэм я унагъуэ 900-м.

Асанов Алим къызэхуэсахэм ягу къигъэкIыжащ «Зелёный рынок» сату щIапIэм дзэм ираджахэм зэрыдэIэпыкъур щызэхуахьэс пэш къызэрыщызэIуахар.

ЗэIущIэм щытепсэлъыхьащ дзэм къулыкъу щызыщIэну кIуахэм я Iыхьлыхэм депутатхэм зыкъызэрыхуагъазэ Iуэхугъуэхэми: ятелъ кредитхэр пIалъэкIэ щхьэщахыным, псэупIэ-коммунальнэ IуэхутхьэбзэхэмкIэ я щIыхуэхэр нэхъ тыншу зэратыжыну Iэмалхэм, юридическэ дэIэпыкъуныгъэ ягъуэтыным, нэгъуэщIхэми ятеухуауэ.

УпщIэ зыбжанэкIэ зыхуагъэзащ КъБР-м и Дзэ комиссариатым и юридическэ къудамэм и унафэщI **Гъуэныбэ Марьянэ**.

**Егоровэ Татьянэ** депутатхэр къыхуриджащ закъыхуэзыгъазэ цIыхухэм адэкIи жыджэру ядэлэжьэну.

* * *

Депутатхэр тепсэлъыхьащ «ЩIыуэпс, техногеннэ къэхъукъащIэхэм цIыхухэмрэ щIыналъэхэмрэ ящыхъумэным теухуауэ» КъБР-м и Законым и Iыхьэ 9-мрэ 30-мрэ зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным и IуэхукIэ», «КъБР-м жьэн узыфэм пэщIэтыныр къыщызэгъэпэщыным теухуауэ» КъБР-м и Законым и Iыхьэ 6-мрэ 19-мрэ зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» КъБР-м и законхэм я проектхэм, нэгъуэщIхэми.

*КъБР-м и Парламентым и пресс-IуэхущIапIэ.*

● Гъэсэныгъэ

# БлэкIар тщыгъупщэ хъунукъым

**ЩIышылэм и 20-м Кэнжэ къуажэм щагъэлъэгъуащ «Россия I» телеканалым и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм и унафэщI, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIыхь зиIэ и журналист Къэзанш Людмилэ и жэрдэмкIэ 2021 гъэм траха «Шоколадымрэ фашизмэмрэ» («Про шоколад и обыкновенный фашизм») документальнэ фильмыр.**

ЩЭНХАБЗЭМКIЭ унэм щекIуэкIа Iуэхугъуэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм нэмыцэ зэрыпхъуакIуэхэр ирахужу щIыналъэр хуит зэрыхъужрэ илъэс 80 зэрырикъуам ирырагъэхьэлIат.

Бий гущIэгъуншэм ди лъахэм щызэрихьа лейм, кърина гуауэм, совет зауэлIхэмрэ къызэрыгуэкI цIыхухэмрэ лIыгъэ ин яхэлъу фашистхэм зэрапэщIэтам теухуа фильмым уеплъыну тынштэкъым, зауэм и лъэужь гуIэгъуэр къыщыгъэлъэгъуа дэфтэрхэр, а зэманым траха сурэтхэр, кинохэм щыщ пычыгъуэхэр и лъабжьэти.

Кэнжэ къуажэм щытраха Iыхьэм хыхьащ зауэ зэманым зи сабиигъуэр хиубыдахэм я гукъэкIыжхэр, Космодемьянская Зое нобэ хуагъадэ, комсомолым хэта Блэныхь Лолэ и лэжьыгъэм, зэрихьа лIыхъужьыгъэм, ар нэмыцэхэм зэраIэщIэкIуэдам теухуа пычыгъуэхэр. Лолэ и ролыр игъэзэщIащ Кэнжэ ЩэнхабзэмкIэ и унэм и лэжьакIуэ, М. Горькэм и цIэр зезыхьэ Урыс драмэ театрым и актрисэ Къуэныкъуей Залинэ, абы и гъусэу фильмым хэтщ къуажэдэсхэри.

Хэку зауэшхуэм совет цIыхухэм щызэрахьа лIыгъэм, хахуагъэм ятеухуа мы фильмым ди зэманым мыхьэнэшхуэ иIэщ - нобэрей щIэблэр абы къыхуреджэ лIыгъэ зыхэлъхьэным, хэкур фIыуэ лъагъуным, ар хъумэным хуэхьэзыру къэхъуным.

ЩэнхабзэмкIэ унэм къеблэгъат зауэм, лэжьыгъэм я ветеранхэр, Кэнжэ къуажэ администрацэм и унафэщIхэр, лэжьакIуэхэр, щIалэгъуалэ зэгухьэныгъэхэм я лIыкIуэхэр. Апхуэдэу, фильмым еплъыну кърихьэлIат жылэм дэт курыт еджапIэ №20-м щIэс ныбжьыщIэхэр, Бахъсэн къалэм и курыт еджапIэ №2-м и кадетхэр.

ЩIэблэр хэкупсэу къэгъэхъуным теухуауэ мыхьэнэшхуэ зиIэ мы фильмыр гъэхьэзырыным елэжьахэу ар щагъэлъагъуэм кърихьэлIащ Къэзанш Людмилэ, Котляровэ Марие, Иуаз Мухьэмэд, Къэзанш Валерэ сымэ.

Къэзанш Людмилэ и къэпсэлъэныгъэм къыхигъэщащ фильмыр щIытрихам и щхьэусыгъуэмрэ абы зэрелэжьа щIыкIэмрэ.

«Урысейм и зауэлIхэм я зэкъуэшыныгъэ» жылагъуэ зэгухьэныгъэм и къудамэу КъБР-м щыIэм хэтхэм къабгъэдэкIыу къэпсэлъа Габоев Хьэзрэталий щIэблэр гъэсэнымкIэ фильмым мыхьэнэ ин зэриIэм и гугъу ищIащ, щIалэгъуалэм езыхэр щIэхщIэхыурэ зэрахуэзэр, мы фильмыр цIыху нэхъыбэ егъэплъыным я зэгухьэныгъэр зэрыхущIэкъунури къыхигъэщащ.

Зауэм хэкIуэдахэр пIащIэу щыщIалъхьар ноби къызэралъыхъуэм, ахэр куэду къызэрагъуэтым, лIыхъужьхэм я цIэ-унэцIэхэр зэфIэгъэувэжыным теухуа лэжьыгъэхэр зэрекIуэкIым, абыхэм зэрытетхыхьым тепсэлъыхьащ Котляровэ Марие.

Фильмым апхуэдэу еплъыну къэкIуахэт IэнатIэ зэхуэмыдэхэм щылажьэхэу Арахъэ Анзор, Хьэщэ Къанщобий, Iэхъуэбэч Илья, Балэ Люсэ, Амщокъуэ Светланэ сымэ.

**БАЛЭ Людмилэ.**





# ШУМАХУЭ ХьэзрэIил Салмэн и къуэр

Ди республикэм и щэнхабзэмрэ гъуазджэмрэ хэщIыныгъэшхуэ ягъуэтащ. И ныбжьыр илъэс 81-м иту дунейм ехыжащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIыхь зиIэ и артист Шумахуэ ХьэзрэIил Салмэн и къуэр.

ХьэзрэIил адыгэ уэрэдыжьхэр зыгъэзащIэ уэрэджыIакIуэ цIэрыIуэт. Зэпымыууэ зэрызэгугъужым, зыми емыщхь макъ дахэ зэриIэм я фIыгъэкIэ, абы хузэфIэкIат лъэпкъ уэрэдхэр Iэзащэу игъэIун. Езым хэлъ артистыгъэмрэ и теплъэ бжьыфIэмрэ зылъагъу псори къыдахьэхырт.

Шумахуэ ХьэзрэIил илъэс куэдкIэ щытащ КъБР-м и Музыкэ театрым и уэрэджыIакIуэу, иужькIэ Къэбэрдей-Балъкъэр радиом и хорым хэтащ. ХьэзрэIил хэлъхьэныгъэшхуэ хуищIащ ди макъамэ гъуазджэр республикэми нэгъуэщI щIыпIэхэми хэIущIыIу щыщIыным, абы зегъэужьыным.

Концерт гуимыхужхэр зэритым, лъэпкъхэм я зэхуаку дэлъ зэныбжьэгъугъэр егъэфIэкIуэным зэрыхэлIыфIыхьым папщIэ, Шумахуэм къыхуагъэфэщауэ щытащ «Къэрэшей-Шэрджэс Республикэм и цIыхубэ артист» цIэ лъапIэр. Къэбэрдей-Балъкъэрым и гъуазджэм хуищIа хэлъхьэныгъэр къырыралъытат «Къэбэрдей-Балъкъэрым щIыхь зиIэ и артист» щIыхьыцIэм.

Адыгэу дэнэ щIыпIэ щыпсэуми гуапэу я гум илъынущ зи къару емыблэжу лъэпкъым хуэлэжьа цIыху гуащIафIэр, зэчиифIэр.

*КъБР-м ЩэнхабзэмкIэ и министерствэ.*

КъБР-м ЩэнхабзэмкIэ и министерствэм, «КъБР-Медиа» ГКУ-м, КъБР-м и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм, «Адыгэ псалъэ», «Кабардино-Балкарская правда», «Заман», «Горянка», «Советская молодежь» газетхэм, «Литературная Кабардино-Балкария», «Iуащхьэмахуэ», «Минги Тау», «Солнышко», «Нур», «Нюр» журналхэм, «Къэбэрдей-Балъкъэр» ВТК-м, «КБР-инфо» хъыбарегъащIэ агентствэм, «Эльбрус» тхылъ тедзапIэм я лэжьакIуэхэр **БищIо Анатолэ Аслъэн и къуэм** хуогузавэ абы и къуэ **БищIо Альберт Анатолэ и къуэр** дунейм зэрехыжам къыхэкIыу.

# Банкым и Iуэхутхьэбзэм хегъахъуэ

**«Урысейм и Мэкъумэш банкым» и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм и унафэщI Сокъур Алим тепсэлъыхьащ зи пашэ IэнатIэм зыкъыхуэзыгъазэхэм зэрызащIигъакъуэ щIыкIэмрэ 2022 гъэм я лэжьыгъэм къэрикIуахэмрэ**:

- ЗЭРЫТЩIЭЩИ, мэкъумэш IэнатIэр Къэбэрдей-Балъкъэрым и экономикэм дежкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэщ. «Урысейм и Мэкъумэш банкым» ахъшэкIэ зарызащIигъакъуэр щхьэпэщ щIыналъэм губгъуэ лэжьыгъэхэр къызыхуэтыншэу и чэзум щрагъэкIуэкIынымкIэ.

2022 гъэм къриубыдэу, ахъшэ хъумапIэм хьэрычэт мащIэмрэ курытымкIэ IэнатIэхэм щIыхуэу сом мелуан 391-м щIигъу яритащ. Абы щыщу сом мелуан 205-р зэрыIэригъэхьар мэкъумэш IуэхущIапIэхэм худачых щIыкIэу (льготэ кредиткIэ) щIыхуэ зэрырат программэм тетущ (илъэсым проценти 5 нэхъыбэ хуэмызэу).

Мэкъумэшым елэжьхэм къащта щIыхуэр къагъэсэбэпащ сэгъуэ-къехьэлIэжыгъуэм техникэр зыхуэчэм щымыIэу хуэгъэхьэзырыным, дагъэгъэсыныпхъэхэмкIэ къызэгъэпэщыным, щIыгъэпшэрхэр и чэзум къешэлIэным, жылэхэр къэщэхуным теухуауэ.

«Мэкъумэш банкым» республикэм и IэщыхъуэхэмрэгъавэгъэкIхэмрэ зарызащIигъакъуэр ахъшэм и закъуэкъым, атIэ хьэрычэт мащIэмрэ курытымкIэ IуэхущIапIэхэм Iэмал ярет мэкъумэшхэкIыр ИнтернеткIэ ягъэлъэгъуэну, ящэну.

«Своё Фермерство», «Своё Родное» зыфIаща Интернет-утыкухэм зи IэрыкI щызыгъэлъагъуэри щызыщэри хьэрычэт мащIэмрэ курытымрэ я закъуэкъым, атIэ апхуэдэ Iэмалхэр IуэхущIапIэ нэхъ инхэми къагъэщхьэпэ. Ауэ щыхъукIи, мэкъумэшым елэжь дэтхэнэми апхуэдэ щIыкIэкIэ хэкIыпIэфI игъуэтащ и IэрыкIыр, трилъхьэж щIагъуэ щымыIэу, электрон IэмалхэмкIэ ищэнымкIэ, къыдэлэжьэну хуейхэм запищIэнымкIэ, езыми процентышхуэ зытемыхуэ кредитхэр зыIэригъэхьэнымкIэ.

«Своё Родное» маркетплейс Iуэхутхьэбзэр «Урысейм и Мэкъумэш банкым» и экосистемэм и зы Iыхьэщ. ИщхьэкIэ къызэрыщыхэдгъэщащи, зи гугъу тщIы ахъшэ хъумапIэм къызэIуиха Интернет-утыкум фермерхэм я IэрыкIыр пщIэ щIамыту щагъэлъэгъуэфынущ, къыхуей хъуахэм IэрагъэхьэнымкIи Iэмал зэгъхэр щагъуэтынущ, щэн-къэщэхуным я зэхуаку дэкIуадэр езы банкым и пщэ зэрыдилъхьэжым къыхэкIыу. Мы зэманым ирихьэлIэу апхуэдэ утыку зэIухам зыщрагъэтхащ республикэм и хозяйствэрэ хьэрычэтыщIэу 77-м.

КъимыдэкIэ, «Урысейм и Мэкъумэш банкым» и экосистемэр IэмалыфIщ цIыхухэм уасэ лей щIамыту, щIыпIэ жыжьэхэм къэрашахэм я пIэкIэ, гъунэгъуу щыIэ губгъуэ-хадэхэм къыщрахьэлIэж къэкIыгъэмрэ пхъэщхьэмыщхьэмрэ, гъэшхэкIымрэ гъавэхэкIымрэ зыIэрагъэхьэнымкIэ.

«Мэкъумэшбанк» IуэхущIапIэм зэригъэуIуа экосистемэр, «Своё За городом» зыфIища Iуэхутхьэбзэм и фIыгъэкIэ, дэIэпыкъуэгъу нэсу къыщIэкIащ ди зэманым цIыхухэр дэзыхьэх хъуа агро-туризм унэтIыныгъэм нэхъри зегъэужьынымкIэ.

Фермерхэм хьэщIэхэр щрагъэблагъэкIэ, я лъапсэм щаIыгъ псэущхьэхэр ирагъэлъагъу, я лэжьэкIэ-псэукIэр зыхуэдэм щагъэгъуазэ, унэ зыкъизых цIыкIухэм щIагъэс, зыщрагъэгъэпсэху.

Сокъурым зэрыжиIэмкIэ, иужьрей илъэсхэм щIэупщIэ нэхъ яIэщ пенсионерхэм папщIэ зэхэлъхьа программэхэми. Апхуэдэ щIыкIэм тету, а IуэхущIапIэм 2022 гъэм къриубыдэу пенсионер 525-м сом мелуани 160-м щIигъу яритащ. Зэрыщыту къэтщтэнщи, ахъшэ хъумапIэм республикэм щыпсэухэм, зэбгъэтIылъэкI мыхъуну я Iуэхухэр дагъэкIын папщIэ яритащ сом мелуан 522-рэ къызэщIэзыубыдэ щIыхуэу 977-рэ.

ЗэрытщIэщи, мы зэманым цIыхухэр нэхъ зытегушхуэщ «ипотечнэ» зыфIаща щIыхуэ къеIыхыкIэр. А щIыкIэм (программэм) зэрыхущытым и гугъу щищIым, ахъшэ хъумапIэм и унафэщIым къыхигъэщащ «Урысейм и Мэкъумэшбанкым» зыкъыхуэзыгъазэхэм псэупIэ къращэхуну (ухуэн щIадза къудеи, хьэзыр зэрыхъурэ куэд щIаи) процентышхуэ зытрамылъхьэ щIыхуэ зэрыратри. Ипотекэм и фIыгъэкIэ зыхуейм фэтэр щхьэхуи уни къыхуэщэхунущ, къригъэжьа ухуэныгъэу зыпэмылъэщри и кIэм хунэгъэсынущ. Апхуэдэ щIыхуэу къудамэм нэгъабэ цIыхухэм яритар, псори зэхэту, сом меларди 2,9-м щIегъу.

Банкым и щIыналъэ къудамэм ахъшэ зэрыхалъхьэ щIыкIэмрэ цIыхухэм зэрыщахуэ картэу IэрагъэхьэмрэЯ гугъу щищIым, Сокъур Алим къыхигъэщащ зи пашэ IэнатIэм ахъшэ къезыхьэлIэхэм, нэхъапэхэм елъытауэ, куэдкIэ зэрахэхъуар. И щхьэусыгъуэ нэхъыщхьэу къилъытэри дзыхь къахуэзыщIхэм зэрадэлажьэ хабзэхэр зэрырагъэфIэкIуамрэ халъхьэм къыпэкIуэр нэхъыбэ зэращIамрэщ. КъимыдэкIэ, цIыхухэм я ахъшэу филиалым щаIыгъыр мы зэманым сом меларди 5,5-м нэблэгъащ. Абы щыщу сом мелуан 620-м щIигъур 2023 гъэр къызэрихьэрэ халъхьащ.

Щылажьэхэм я улахуэр щызэкIэлъагъакIуэу IуэхущIапIэ 225-р ахъшэ хъумапIэм епхащи, абыхэм ящыщу 189-р къэралым и бюджетым пыщIащ.



Сокъурым къызэрыхигъэщащи, «Урысейм и Мэкъумэш банкым» и Iуэхутхьэбзэхэр къэзыгъэсэбэпхэр кIуэ пэтми нэхъыбэ мэхъу, щIыхуэу итми хигъахъуэ зэпытщ. Ахъшэ хъумапIэм щылажьэхэм я мурадщ, мэкъумэш IэнатIэм зыщIагъэкъуэнымкIэ зылъэIэса лъагапIэм къытемыкIыу, закъыхуэзыгъазэхэр зыщIэлъэIу щIыхуэр тыншу IэрагъэхьэнымкIэ IэмалыфIу къежьахэм зрагъэубгъуну, езы банкым Iуэхутхьэбзэу игъэзащIэхэм я бжыгъэми хагъэхъуэну.

*Зыгъэхьэзырар*
**КЪУМАХУЭ Аслъэнщ**.



● Гъэлъэгъуэныгъэхэр

# Иджырей гъуазджэ

**Къэбэрдей-Балъкъэрыр къызэрызэрагъэпэщрэ илъэси 100 зэрырикъум и щIыхькIэ щыIэ скверым щаухуа галереем мы махуэхэм къыщызэIуахащ Кавказым и иджырей гъуазджэм и гъэлъэгъуэныгъэ**.

АБЫ утыку къащрахьащ Кавказ Ищхъэрэ, Ипщэ федеральнэ щIыналъэхэм, хамэ къэралхэм щыщу Америкэ Штат Зэгуэтхэм, Тыркум, Сауд Хьэрыпым я сурэтыщI 40-м я IэдакъэщIэкIхэр. ЩIышылэм и 21-м къызэIуаха гъэлъэгъуэныгъэр мазэкIэ екIуэкIынущ.

СыткIэ гъэщIэгъуэн мыр жыпIэмэ, зи гугъу пщIын куэд бгъуэтынущ. Пэшым узэрыщIыхьэу, гу лъыботэ иджырей гъуазджэм «къыкIэрих пасэреимэм». Арагъэнщ абы удэзыхьэхыу хэлъыр. Нэхъри уатхьэкъу сурэтыщIхэм я лэжьыгъэхэр ди пащхьэ къызэрырахьэ Iэмалхэм. Язынықъуэхэр щIым щылъщ, адрейхэр хьэуам хэпщIам хуэдэщ, ауэ псоми зэгъусэу зы гупсысэ къагъэщIу зэкIуу зэхалъхьащ.

Выставкэр зи жэрдэм «Платформа» IуэхущIапIэм и арт-куратор Аккизов Чэрим къызэрыджиIамкIэ, Кавказым и иджырей гъуазджэм теухуа гъэлъэгъуэныгъэ иджы етIуанэу ди деж щокIуэкI.

Краснодар къикIа сурэтыщI Апиш Алексей кърихьэлIахэр щигъэгъуэзащ псынщIэу сурэт зэрыпщIыфыну Iэмал телъыджэм. Абы Къэбэрдей-Балъкъэрым и япэ Президенту щыта КIуэкIуэ Валерэ и сурэт дакъикъитхум къриубыдэу къызыхуэтыншэу ищIат щапхъэ пэлъытэу.

Дагъыстэным къикIа сурэтыщI, цIэ леиуэ Аль-Хала зыфIэзыщыжа хъыджэбзым, бзылъхугъэ IэлъэщIым къыхищIыкIа цIыхубз сурэтхэр гъэщIэгъуэн ящыхъуат къызэхуэсахэм. Абы къигъэсэбэп IэлъэщIхэм плъыфэр, зэхэлъыкIэр зэрыщигъэджэгум уеплъ пэтми зыбгъэнщIыркъым. Бгырыс бзылъхугъэхэм я гъэсэныгъэ дахэр, щэныфIагъэр гъэщIэгъуэну къатощ абыхэм.

Дагъыстэным щыщ Астемиров Адиль и IэдакъэщIэкIхэм гупсысэ куэд къагъэуш. Бгым тет къуажэхэр зэрыухуар ди нэгу къыщIэдгъэхьэрэ, абы ищхьэкIэ дыкъыщыхэплъэмэ, сурэтыщIым и IэдакъэщIэкIхэм я щIагъыбзэр нэхъ гурыIуэгъуэ мэхъу.

Аккизов Чэрим абы утыку къыщрихьа лэжьыгъэхэр балъкъэр лъэпкъыр хэкум зэрырахуам теухуащ.

- Куэдым ялъэгъуа, а лъэхъэнэм траха сурэтым тесщIыкIащ мы лэжьыгъэр - адэшхуэанэшхуэм я къуэрылъху хъыджэбз цIыкIур ягъусэу зэрытыр. Сэ сыхущIэкъуащ а лъэхъэнэ гуащIэм хэпсэукIахэм ятелъа гузэвэгъуэр къэзгъэлъэгъуэну. КъыдэкIуэтей щIэблэм, лъэпкъым и натIэ хъунум игъэгужьея нэхъыжьхэм я Iуэхур тыныштэкъым, дауи. Улъиин щIэзыдза гъущI къэгъэшахэр лъэпкъым игъуэта хэщIыныгъэм, абы къытрадза дыркъуэхэр нобэми зэрыхэмыгъуэщэжам я нэщэнэу къэзгъэсэбэпащ, - жеIэ Аккизовым.

Зи гугъу тщIа гъэлъэгъуэныгъэм еплъыну къалэдэсхэм мазэ яIэщ. Сабийхэмрэ балигъ ныбжьым нэмысахэмрэ папщIэ къуажэхьхэр, упщIэхэмрэ жэуапхэмрэ зэрыт гъуэгугъэлъагъуэ цIыкIухэр ягъэхьэзыращ.

АдэкIэ мы лэжьыгъэхэр Мейкъуапэ, Черкесск къалэхэм яшэну я мурадщ. КъайхъулIэмэ, Кавказ Ищхъэрэм и къалэ нэхъыбэм щагъэлъэгъуэнущ ахэр.

Мы Iуэху дахэр Налшык зегъэужьынымкIэ «Платформа» институтым, Кавказым и иджырей гъуазджэм зегъэужьынымкIэ фондым, Налшык къалэ администрацэм зэгъусэу къызэрагъэпэщащ.

**ЩОМАХУЭ Залинэ**.
*Сурэтыр* **Къарей Элинэ** *трихащ*.

# Мы махуэхэм

**ЩIышылэм и 28,** *щэбэт*

♦**ЦIыхум теухуа щэхур хэIущIыIу мыщIыным и дунейпсо махуэщ**

♦**1928 гъэм** къалъхуащ къэфакIуэ цIэрыIуэ, УФ-м щIыхь зиIэ и артисткэ, КъБР-м и цIыхубэ артисткэ **Шэру Соня**.

♦**1962 гъэм** къалъхуащ КъБР-м щIыхь зиIэ и артист, Ингуш, Шэшэн, Осетие Ипщэ республикэхэм гъуазджэхэмкIэ щIыхь зиIэ я лэжьакIуэ **Атэбий Игорь**.

**Дунейм и щытыкIэнур**

pogoda.yandex.ru сайтым зэритымкIэ, Налшык уфауэ щыщытынущ. Махуэм хуабэр градуси 2, жэщым щIыIэр градус 1 - 0 щыхъунущ.

**ЩIышылэм и 29,** *тхьэмахуэ*

♦**Ядернэ зауэр мыдэным цIыхухэр хузэщIэгъэуIуэным и дунейпсо махуэщ**

♦**1833 гъэм** Урысейм щыяпэу Санкт-Петербург къалэм пощт IуэхущIапIэ къыщызэIуахащ.

♦**1943 гъэм** советыдзэхэм Мейкъуапэ, Тихорецк къалэхэр нэмыцэ фашист зэрыпхъуакIуэхэм къыIэщIагъэкIыжащ.

♦**2001 гъэм** КъБР-м и цIыхубэ усакIуэ, Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь КIыщокъуэ Алим дунейм ехыжащ.

♦**1941 гъэм** къалъхуащ критик, АКъУ-м и профессор, филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор **Чэмокъуэ Тыркубий**.

♦**1954 гъэм** къалъхуащ балетмейстер, КъБР-м и цIыхубэ артист **Думэныщ Iэулэдин**.

**Дунейм и щытыкIэнур**

pogoda.yandex.ru сайтым зэритымкIэ, Налшык уфауэ щыщытынущ. Махуэм хуабэр градуси 4, жэщым градус 0 щыхъунущ.

**ЩIышылэм и 30,** *блыщхьэ*

♦**Уае Дадэмрэ Уэс Гуащэмрэ я дунейпсо махуэщ**

♦**1863 гъэм** Урысейм унафэ къыщащтащ цIыхум судкIэ удын ебдзынуи, дамыгъэ тебдзэнуи хуит уимыщIу.

♦**1943 гъэм** 6-нэ нэмыцэдзэм Сталинград деж зыщитащ. Ар Хэку зауэшхуэм советыдзэхэм щытекIуэным щIэдзапIэ хуэхъуауэ къалъытэ.

♦**1951 гъэм** къалъхуащ Беслъэней къуажэм дэт сымаджэщым и дохутыр нэхъыщхьэ, УФ-м щIыхь зиIэ и дохутыр, КъШР-м и цIыхубэ дохутыр **Къуэн Валентинэ**.

♦**1954 гъэм** къалъхуащ УФ-м и Кинематографистхэм я зэгухьэныгъэм хэт, адыгэ щIыналъэм теухуа фильм зыбжанэ тезыха, жылагъуэ лэжьакIуэ **Нэгъаплъэ Аскэрбий**.

**Дунейм и щытыкIэнур**

pogoda.yandex.ru сайтым зэритымкIэ, Налшык уфауэ щыщытынущ. Махуэм хуабэр градуси 4 - 5, жэщым щIыIэр градуси 2 - 1 щыхъунущ.

*Зыгъэхьэзырар*
**ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэщ**.

**Лъэпкъ Iущыгъэ:**

**Лъахъшэу тIысыну хуейкъым, лъагэу тIысыпIэ игъуэтыркъым.**

● Ди юбилярхэр

# Псэр зыгъэтыныш ди Маринэ

**Лэжьэгъуր къызэрыпцIыхур и лэжьэкIэрщ. ЦIыхум и теплъэми, и купщIэми, и хьэлми куэд къыбжаIэ, ауэ гупым абы щиIэ пщIэр къызэрихьыр псоми зэгъусэу ягъэзащIэ къалэным хилъхьэ жэуаплыныгъэрщ, напэрщ, гумызагъагъырщ.**

«ЛЭЖЬЫГЪЭМ щышынэркъым», «Лэжьэкlэ ещlэ», «ЗэIусэм псэ хелъхьэ». А псалъэ дахэ псори хуэфащэщ нобэ и махуэ лъапIэр щхьэусыгъуэ тщIауэ, ди газетеджэхэм нэхъ гъунэгъуу къэдгъэцIыхуну мурад зыхуэтщIа Дол (Абазэ) Маринэ.

Газетыр абы еджэм и пащхьэм и чэзум нэсын папщIэ, редакцэм зэфIигъэкI лэжьыгъэхэр куэд мэхъу. Тхыгъэр зыгъэхьэзыр журналистым, къезэгъ-къемызэгъ и лъэныкъуэкIэ абы хэплъэж редакторым, яIэщIэкIа щыуагъэхэр къыхэзыгъэкIыж корректорым уакъыфIэкIмэ, зыхуей хуэза сатырхэр тхылъымпIэм зэриувэну жыпхъэр зэзыгъэзэхуэр адыгэбзэкIэ зэкIэ зи цIэр димыIэ, «верстальщик» IэнатIэм Iутырщ. НапэкIуэцI къэс зы цIыху хэха иIэу, газетым и теплъэр зыщIхэм я пщэ къыдохуэ хьэрфыр нэм кърихыфын хуэдэу, Iупщ Iу, тхыгъэр езым хухаха игъэувапIэм ихуэу, псалъащхьэхэм нэм зыкъыщIадзэу, напэкIуэцIыр «сыкъеджарэт» жыпIэу ищIыныр. Дауи, хьэрфхэр удз гъэгъакъым, уепэмурэ удихьэхыу. Газетым узэрызришалIэр абы ит тхыгъэхэм ящIэлъ къарурщ, мыхьэнэрщ, щIэщыгъуагъырщ. Зэ Iуплъэгъуэкlэ, цIыхур машинэм ещхьу щIэзыщIэ, псэ зыIумыт лэжьыгъэ гъущэу къыпщыхъу Iуэхур жьы зыщIэт Маринэ и Iэбэкlэм зэрихъуэжым гу лъумытэну гугъущ. Курыт школым къыщIэкIыу институтыр къызэриухрэ щолажьэ ар «Адыгэ псалъэм». Сатырхэм я кIыхьагъ-кIэщIагъым, бгъуагъ-лъагагъым фIэкIа зэзымыгъэзахуэ верстальщикым «сыт и талант» хужиIэнкIи хъунщ хэзымыщIыкIым. ИтIани, и пащхьэ къихуа тхыгъэр зытеухуар зэхимыгъэкIыу, абы теухуауэ езым ищIэмкIэ къыбдэмыгуашэу, щIэмыупщIэу, димыхьэхыу, зытха журналистри, зи пащхьэ ирахьэну редакторри арэзы зэрищIыным емылIалIэу Маринэ тхыгъэ куэд зэрыIэщIэмыкIымкIэ журналист псори зэакъылэгъущ. ПщIэну щыткъым, лэжьыгъэм хилъхьэ псэр абы щыцIыкIум дэзыхьэхауэ щыта скрипкэ еуэным къыхихауи къыщIэкIынкIэ мэхъу. Макъамэ дахэ къригъэкIым ещхьущ ар зэрыIэбэри, зэрыпсэури, цIыхум зэрахэтри. «Нурыр къыщхьэщех» зыхужаIэ теплъэ гуакIуэкIэ Алыхьыр зыхуэупса Маринэ нэIурыту зэрыщытыр къыдалъхуами, лэжьыгъэкIи цIыхугъэкIи зэрыпсэгъэтыншыр езым къыхихыу зыхилъхьэжа хьэлщ.

Плановскэ къуажэрщ Абазэ Толэрэ Любэрэ Налшык щадза къуэпсыр къыщежьэр. ЗэрымыщIэкIэ апхуэдэу ирихьэлIауэ, «Адыгэ псалъэм» Маринэ и шыпхъу нэхъыщIэ Ирини къыщыддолажьэ. ТIуми ядэтлъагъу Iуэху щIэкIэр къыздикIам дыщыщIэупщIэм, шыпхъу нэхъыщIэм къытхужьэдэшар мащIэ дыдэщ: «Ди адэр апхуэдизкIэ щабэу къыдэпсалъэрти, нэхъ къиштэр тIэщIэкIынкIэ дыгузавэу, ар етIуанэуи зэрыжедмыгъэIэжыным дыхуэсакъыу дыкъэхъуащ. Ди анэми адэм пщIэ лей зэрыхуэфащэр игъэнэхъапэ зэпытт». IэпкълъэпкъитIым ит зы цIыху жыхуаIэм ещхьу, зэшыпхъуитIыр апхуэдизкIэ цIыху гунэсщи, зым и гугъу щыпщIкIэ адрейр къыпщыгъупщэу къыпщохъу. Къалэм щапIа пэтми, тIуми адыгэбзэр щытепщэ лэжьапIэр насып зэрахуэхъуами зыгуэр къыбжеIэ ахэр къызыхэкIа унагъуэм теухуауэ.

Редакцэм Маринэ зыбжанэ зэрыщыдиIэм къыхэкIыу, Долым и унэцIэр куэд щIауэ цIэ лей хуэхъужащ, псори дызэреджэр «Долщ». И нэщIыбагъкIэ сыт нэхъ зэхэпхыр жыфIэмэ, фыкъэдаIуэ: «Дол ищIамэ, уемыплъыжми хъунущ», «Дол иригъэхуэфынут ар», «Кхъыlэ, Долым евгъэщI», «Долым щищIкIэ сигу мэзагъэ». И тхыгъэм «гуэпIэскIухьыжын» зи жагъуэ журналистым апхуэдэу къыпхужиIэным мыхьэнэуэ иIэр «цIыхум игу гъэзэгъэн» псалъэм къикIыр зыщIэм къыгурыIуэнущ. Аращ ди лэжьыгъэм къыпэджэж газетеджэхэм ди гуапэ хъун зэхыдагъэхмэ, журналистым и Iыхьэм хуэдиз дыдэ зи цIэр а тхыгъэм кIэщIэмыт «лIыхъужь цIэимыIуэхэми» къащIылъысыпхъэр. Дауи, Долым нэхъыбэрэ дызэрыщытхъум а IэнатIэ дыдэр зыхьхэм я къалэн ямыгъэзащIэу е ящIэр мыхъуу къидгъэкIыркъым. Ауэ зэIусэм псэ хэзылъхьэм уигукIэ Iэгу ухуемыуэну, нэхъ нэ лейкIи уемыплъыну плъэкIыркъым.

Газетыр «къопсэлъэным» хуэдэу къызэтепхыу щытын зэрыхуейр къызыгурыIуэхэм язщ Маринэ. IэнатIэм ар щихабзэмэ, и хъыджэбзитIым къащIэхъуа пхъурылъхухэр зыгъафIэ ди лэжьэгъум анэшхуэ къалэнхэр улъэщIэмыхьэжыну хъуэпсэгъуэу зэригъэзащIэм шэч къытумыхьэххэ. Нэхъыжьымрэ нэхъыщIэмрэ я зэхуакум лъэмыж быдэу, щабэу, гумащIэу удэтыфыным нэхърэ нэхъ ехъулIэныгъэшхуэ щыIэу къыщIэкIынкъыми, шыпхъум хуэдэу фIыуэ тлъагъу ди лэжьэгъум и махуэ лъапIэр хуэфIыну, гъащIэм и пэжымрэ и IэфIым щыщу иджыри къэс зыхищIахэм нэхъри къахэхъуэну, Iэзагъ нэхъыщхьэу щыIэ и дуней тетыкIэ екIур дяпэкIи цIыхухэм щапхъэ яхуэхъуу, и гъуэгуанэм пищэну дохъуэхъу.

**ЧЭРИМ Марианнэ.**
*Сурэтыр* **Къарей Элинэ** *ейщ.*



# КъызыхэкIа лъэпкъыр зыгъэин

***«Адыгэ псалъэ» газетым и шофёр Соблыр Хьэсэнбий щIышылэм и 29-р къыщалъхуа махуэщ. Соблырыр унагъуэщ, хъыджэбзитIрэ зы щIалэрэ иIэщ. Гугъуехьым, лэжьыгъэм къыпимыкIуэт цIыхущ. Зыдэс Щхьэлыкъуэ жылэм фIы дыдэу къыщацIыху и IуэхущIафэкIэ, и дуней тетыкIэкIэ. Абы и ныбжьыр илъэс 55-рэ зэрырикъур къэдгъэсэбэпри, и гукъэкIыжхэмкIэ къыддэгуашэмэ ди гуапэу, упщIэ зыбжанэкIэ зыхуэдгъэзащ.***

**- Хьэсэнбий, уи сабиигъуэм сыт хуэдэ хъуэпсапIэхэр уиIа?**

- Сэ спортым сыдихьэхыу щытащ. Спортсмен сыхъунуи сыщIэхъуэпсырт, ауэ щхьэусыгъуэ зэхуэмыдэхэм къахэкIыу ар къызэхъулIакъым. Си гъащIэм, си къекIуэкIыкIам я гугъу тщIыуэ щытмэ, курыт еджапIэр къэзуха нэужь 1986 гъэм дзэм сраджащ.

**- Дэнэ щIыпIэ къулыкъур щепхьэкIар?**

- ЯпэщIыкIэ Туркумэным и къалащхьэ Ашхабад къулыкъу щысщIащ. Абы зауэ хуэIухуэщIэхэм мазиплIкIэ дыщыхуагъэса нэужь, Афганистаным и Кандагар къалэм дашащ. 70-нэ бригадэм и 2-нэ батальоным и япэ тIасхъэщIэх гупым сыхэхуащ. ИужькIэ взводым и унафэщIым и къуэдзэу сагъэуващ.

**- Ди лъахэгъухэри уи гъусауэ къыщIэкIынщ.**

- Адыгэ щIалитI си гъусащ - Махуэ Арсенрэ ХьэцIыкIу Аскэрбийрэ. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, ХьэцIыкIур иджы псэужкъым, ауэ ди гум ихуркъым. Дэ куэдрэ тIасхъэщIэх дыкIуащ дызэщIыгъуу. А щIалитIми лIыгъэ зэрызэрахьам щыхьэт тохъуэ ХьэцIыкIу Аскэрбий кърата «Вагъуэ Плъыжь» орденымрэ и «Хахуагъэм папщIэ» медалымрэ, Махуэм къыхуагъэфэща «Хахуагъэм папщIэ» медалыр.

Сэри «Хахуагъэм папщIэ» медалу тIукIэ сагъэпэжащ. Япэр къызататщ уIэгъэ хъуа сэлэтыр зэуапIэм къызэрисхам, етIуанэр - тIасхъэщIэх дыщыIэу ди пщэм къыдалъхьа къалэныр Iэзэу зэрыдгъэзэщIам папщIэ. ИужькIэ къызатыжащ СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым и ЩIыхь тхылъи.

**- Зауэ щыхъукIэ, псэзэпылъхьэпIэ куэд уохуэ. Абыхэм ящыщу сыт нэхъ уигу къэкIыжрэ?**

- Автоколоннэ блэдгъэкIыу моджахедхэр къыттеуат. Абы щыгъуэ яукIахэри уIэгъэ хъуахэри мащIэтэкъым, къыдэбгъэрыкIуахэр дэ нэхърэ зыкъомкIэ нэхъыбэт. УIэгъэхэр къахэтхри, дэ щытыкIэ гугъум дыкъикIауэ щытащ.

**- Афганистаныр езыр щIыналъэ къуейщIейщ...**

- А щIыпIэр ущыпсэуну сыт и лъэныкъуэкIи къызэрымыкIуэу гугъущ. Хуабэр градус 50-м щынэблагъэрт. ДызэрыщыIа илъэситIым нэблагъэм къриубыдэу уэшхи уэси тлъэгъуакъым. КъыумыгъэкъуэлъэауэплIм уефэ хъуртэкъым. Уз зэрыцIалэ зэмылIэужьыгъуэхэри щыетат. А щIыналъэм ебгъапщэмэ, дэ дыщыпсэур жэнэт лъахэщ.

**- Ди лъахэм къэбгъэзэжа нэужь, мамыр гъащIэм ухэзэгъэжыным гугъу удехьа?**

- Апхуэдэу жысIэфынукъым. Хабзэхъумэ IэнатIэхэм сыщылэжьащ, иужькIэ Лъэпкъ гвардием сыхэтащ, иджы «Адыгэ псалъэм» шофёру сыщыIэщ.

**- МыбыкIи сыноупщIынут: Афганистаным щевгъэкIуэкIа зауэр пщIэншэ, псыхэкIуадэ хъуауэ къэплъытэрэ?**

- Щхьэтечу жыпIэмэ, дэ дызауэлI къызэрыгуэкIт икIи ди къалэну къэтлъытэрт пщэрылъ къытщащIар дгъэзэщIэныр. А зэманым США-р СССР-м хуабжьу къыпэщIэтт. Ар хущIэкъурт езым и дзэ Афганистаным кърригъэувэну. Сыт хуэдэу щытами, къыджаIэр арат. Апхуэдэ щытыкIэр Совет Союзым идэнкIэ Iэмал зимыIэт. Ди къэралым и сэбэп зыхэлъхэр ихъумэжауэ аращ. Мыбдеж дигу къыщыдгъэкIыжынщи, моджахедхэр дэ къыдэзэуащ американхэм я IэщэкIэ.

**- Зэманым зехъуэж. СССР-р лъэлъэжри, Урысей Федерацэ къэралыщIэр къэунэхуащ. Ди къэралым щекIуэкI зэхъуэкIыныгъэхэр сыт хуэдэу къэплъытэрэ?**

- Урысейм и пщIэр дуней псом нэхъ лъагэ щохъуж. Ди псэукIэри хуэм-хуэмурэ йофIакIуэ.

**- Сыт хуэдэ хъуэпсапIэхэр уиIэ?**

- Дыщыпсэу къэралыр, дунейр мамыру щытыныр, ди цIыхухэм узыншагъэ яIэу, лажьэу, дэтхэнэ зы унагъуэми насып илъыну сыхуейщ.

**- Хьэсэнбий, ди псалъэмакъым и кIэухыу мыбыкIи сыноупщIынут. Уэ узикъуажэгъущ икIи сощIэ цIэ лей узэриIэр: Щхьэлыкъуэ щыпсэу укъэзыцIыхухэр къызэроджэр АдыгэкIэщ. Сыт ар къызыхэкIар?**

- Пэжщ, «Адыгэр» си цIэ лейщ. КъызыхэкIари «сыадыгэщ» жысIэрейуэ зэрыщытаращ. Уеблэмэ, мыпхуэди къэхъуащ: «Хьэсэнбий щIэс?» - жиIэри ди деж зыгуэр ныIухьати, си щIалэ нэхъыщIэм: «Дэ апхуэдэ диIэкъым», - жиIэри IуигъэкIыжауэ щытащ.

**- Узэрыгушхуэ хъун цIэщ. Укъыщалъхуа махуэмкIэ ди гуапэу дынохъуэхъу, уи мурадхэр, хъуэпсапIэхэр Тхьэм къыуигъэхъулIэ.**

*Епсэлъар* **НАФIЭДЗ Мухьэмэдщ.**







# Къэбэрдей-Балъкъэрым и Музыкэ театрыр къызэрызэрагъэпэщрэ илъэс 55-рэ ирокъу

*1968 гъэм Коган Лев и «Iэминат» балетымкIэ (либреттэр Проценкэ Александр ейт) къызэIуахауэ щытащ Музыкэ театрыр. Абы и пэ къихуэу КъБАССР-м и цIыхубэ артист, Таджик Республикэм гъуазджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ Проценкэ Александр Къэбэрдей-Балъкъэр культпросветучилищэм и хореографие къудамэм щеджэхэр хэту къызэригъэпэща балет труппэм игъэуват лэжьыгъэ зыбжанэ.*

*Кавказ Ищхъэрэм япэ дыдэу Музыкэ театр ди деж къызэрыщызэIуахар я фIыщIэщ а лъэхъэнэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и унафэщIу щытахэм. Мы Iуэхум хэтахэм фIыуэ ящIэж ар къайхъулIэн папщIэ къарурэ зэфIэкIыу ирахьэлIар зихуэдизыр. Музыкэ театрым и ухуэныгъэр ямыух щIыкIэ КъБР-м щэнхабзэмкIэ и министр Ефэнды Джылахъстэн комиссэ къызэригъэпэщри, абы зэфIэкI зиIэу къыщалъыта щIалэгъуалэр Москва дэт еджапIэ нэхъыщхьэхэм ягъэкIуауэ щытащ. ГИТИС-р къэзыухахэм къыздашэжа «Севастопольский вальс» опереттэр 1969 гъэм и фокIадэ мазэм Музыкэ театрым щагъэлъэгъуащ.*

*Хуэм-хуэмурэ ди къэралым и къалэ зэмылIэужьыгъуэхэм я еджапIэ нэхъыщхьэхэр къэзыухахэр къызэхуэсыжащ, Музыкэ театрым и труппэм зиузэщIащ, дунейпсо макъамэ классикэм и хъугъуэфIыгъуэхэм зэрызрипщытыфын зэфIэкI иIэу. Гъуазджэм лъэбакъуэ дахэкIэ хэбэкъуа Музыкэ театрым япэ илъэсхэм щагъэуващ «Искатели жемчуга», «Кармен» (Бизе Ж.), «Молодая гвардия» (Мейтус Ю.), «Риголетто», «Травиата» (Верди Дж.), «Алеко» (Рахманинов С.), «Евгений Онегин» (Чайковский П.) оперэхэр, «Жизель» (Адан А.), «Дон Кихот» (Минкус М.), «Тропою грома» (Караев К.), «Эсмеральда» (Пуни Ц.), «Горянка» (Кажлаев М.), «Лейли и Меджнун» (Баласанян С.) «Кармен-сюита» (Бизе-Щедрин и Габичвадзе), «Медея» балет спектаклхэр, нэгъуэщIхэри.*

*Театрым и тхыдэм хэтщ цIыхубэм фIыуэ ялъэгъуа опереттэу, музыкэ комедиеу, мюзиклу куэд дыдэ. Абыхэм ящыщщ «Цыганский барон» (Штраус И.), «Цыган-премьер», «Фиалка Монмартра», «Сильва», «Мистер Икс», «Марица» (Кальман И.), «Чёрный дракон» (Модуньо Д.), «Вольный ветер» (Дунаевский И.), «Свадьба в малиновке» (Александров Б.), «Холопка» (Стрельников Н.), «Похождения Дон Жуана» (Самойлов М.), «Моя прекрасная леди» (Лоу Ф.), «Веселая вдова», «Цыганская любовь» (Легар Ф.), «Бабий бунт» (Птичкин Е.), «Кавказская пленница» (Гаджиев Р.) сымэ, нэгъуэщIхэри.*

*Музыкэ театрым ныбжьыщIэхэр макъамэ псысэхэмрэ балет спектаклкIэ игъафIэ зэпытщ. ЦIыкIухэр дапщэщи яфIэфIу йокIуалIэ: «Бременские музыканты» (Гладков), «Буратино» (Дружинин), «Золушка» (Спадавекки), «Кот в сапогах» (Березин), «Остров сокровищ» (Баневич), «Золотой Цыплёнок» (Улановский), «Мыщэ и къуэ Батыр» (Къардэн Хьэсэн) псысэхэм, «Доктор Айболит», «Муха - цокотуха», «Кошкин дом», «Снежная королева» балет- таурыхъхэм.*

*Театрым макъамэ щэнхабзэм хуищI хэлъхьэныгъэр я фIыгъэщ абы и солист макъыфIэхэм. Музыкэ театрым къикIуа гъуэгуанэм и утыкур ягъэбжьыфIащ Сибэч Хьэчим, Урыс Iэмырбий, Жылокъуэ Мухьэмэдин, Бэрэгъун Владимир, Къуэдзокъуэ Людмилэ, Щоджэн Еленэ, Бэгъуэтыж Светланэ сымэ. Нобэ республикэм щекIуэкI дауэдапщэхэр ягъэдахэ театрым и артистхэу Мэкъуауэ Хьэсэн, Ерчэн Ларисэ, Бесчокъуэ Майе, ШэджыхьэщIэ Аслъэнбий, Дау Марианнэ, Хъупсырджэн Албэч, КъуийцIыкIу Валерэ, Шэрджэс Iэсият, Ташло Алий, Къумыкъу Мухьэдин, Мамбэт Мадинэ, Мэз Джульеттэ, Абэнокъуэ Рустам сымэ, нэгъуэщIхэми.*

*Музыкэ театрым илъэс 55-м къриубыдэу щагъэува спектаклхэм елэжьа режиссёр Iэзэхэм я гугъу умыщIынкIэ Iэмал иIэкъым. УФ-м и цIыхубэ артист Хмельницкий Юлийрэ Ерчэн Леонидрэ, УФ-м гъуазджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэхэу Теувэж СулътIанрэ Кузнецов Николайрэ, СССР-м и цIыхубэ артист Анисимов Георгий, КъБР-м и цIыхубэ артист ШэрэIужь Анатолэ, КъБР-м гъуазджэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ Темрокъуэ Риммэ, Сафаровэ Тамарэ сымэ, нэгъуэщIхэри. Дирижёру театрым щылэжьащ КъБР-м и цIыхубэ артист Шахгалдян Артёмий, УФ-м щIыхь зиIэ и артист Щэбэтыкъуэ Натбий, КъБР-м гъуазджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ Щербаков Иван, Поповэ Марие, Хъаныкъуэ Анатолэ сымэ, нэгъуэщIхэри.*

*Театрым и махуэм лъапIэм ирихьэлIэу дэ зыхуэдгъэзащ Музыкэ театрым и унафэщI, КъБР-м гъуазджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ БЭРЭГЪУН Руслан. Дауи, иужьрей илъэситхум къриубыдэу Музыкэ театрым щекIуэкIа лэжьыгъэращ япэщIыкIэ дызытепсэлъыхьар.*

- ЗИ ГУГЪУ тщIы пIалъэм Музыкэ театрым лэжьыгъэшхуэ щекIуэкIащ, - жеIэ Бэрэгъуным. - Абы Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэм къытхуищI гулъытэм и фIыгъэ хэлъщ. Дэ Урысей Федерацэм ЩэнхабзэмкIэ и министерствэм, КъБР-м я грантхэр къытхуагъэфэщащ. АбыкIэ илъэс 50 лъандэрэ щымыIауэ «Травиата» (Верди Дж.) оперэр щIэрыщIэу дгъэувыжащ. Зыгъэувар ди режиссёр нэхъыщхьэ Дэбагъуэ Романщ. Штраус и «Цыганский барон» опереттэри гъэ кIуам утыку къитхьэжащ. Апхуэдэу, азербайджан композитор Амиров Фикрет итха «Восточные сказки» балетыр ди балетмейстер нэхъыщхьэ ПащIэ Рамед игъэуващ. Чайковскэм и «Иоланта» оперэм нэгъабэ лъандэрэ долэжьри, театрым и илъэс бжыгъэ дахэм ирихьэлIэу утыку къитхьэну ди мурадщ. Къэбэрдей-Балъкъэрыр къызэрызэрагъэпэщрэ илъэси 100 щрикъум ирихьэлIэу дгъэлъэгъуащ ЩоджэнцIыкIу Алий и «Къамботрэ Лацэрэ» поэмэм Молэ Владимир къытрищIыкIыжа оперэр. КъищынэмыщIауэ, хорым республикэм концерт ин щитащ, абы КъБР-м и композиторхэм я IэдакъэщIэкI защIэщ щыIар. Гъэ кIуам, КъБР-м и махуэр щигъэлъапIэм, къызэрагъэпэща дауэдапщэхэм ди театрыр жыджэру хэтащ. КъБР-м и махуэм ирихьэлIэу Кремлым къыщызэрагъэпэща нэгузыужь концертым Музыкэ театрым и хорыр, уэрэджыIакIуэ зыбжанэ, балетым щыщ ирагъэблэгъат. Москонцерт-холлым ди театрым щхьэхуэу зыкъыщигъэлъэгъуащ. Абы япэщIыкIэ «КъыкъуэкI дыгъэм и гимн» адыгэм и хъыбар дахэхэр зи лъабжьэ балет щыдгъэлъэгъуащ. ЕтIуанэ Iыхьэр ди уэрэджыIакIуэхэм я концерту щытащ. Абыхэм цIыхухэр гуапэу къызэрыпэджэжар къэплъытэмэ, мыIейуэ къыдэхъулIащ.

Къыхэзгъэщыну сыхуейт гъэ кIуам КъБР-м и Iэтащхьэм ди театрым и лэжьакIуэхэм гулъытэ къызэрытхуищIар. «КъБР-р къызэрызэрагъэпэщрэ илъэси 100» медалыр ди деж щылажьэ цIыху зыбжанэм къытхуагъэфэщащ.

Къызэрыхэзгъэщащи, Чайковскэм и «Иоланта» оперэм долэжь, абы нэмыщIкIэ, Пучини Джакомэ и «Сцены из жизни богемы» оперэр ди уэрэджыIакIуэ, ГИТИС-м режиссёр IэщIагъэм щыхуеджэж Абэнокъуэ Рустам егъэуври, ар накъыгъэ мазэм утыку къитхьэну сыщогугъ. КъБР-м и грант къытхуагъэфэщамкIэ «Улыбка Моны Лизы» (Рэй Брэдбери и рассказымкIэ) балетыр ПащIэ Рамед егъэув.

Ди режиссёр цIэрыIуэ Сафаровэ Тамарэ «Муж моей жены» мюзиклым йолэжь. Ари мыгувэу цIыхухэм я пащхьэ итхьэну ди мурадщ.

**- ЦIыхухэр нэхъ къызэкIуалIэр, зэплъхэр сыт хуэдэхэра?**

- Нэхъ ипэхэм хуэмыдэу, цIыхухэр опереттэхэм, оперэхэм, балетхэм, мюзиклхэм нэхъыбэу, яфIэфIу къокIуалIэ. Уи гуапэ мыхъуу къанэркъым щIалэгъуалэр щIэх-щIэхыу театрым къакIуэ зэрыхъуар. Ди къэралым щат «Пушкиным и картэ» жыхуаIэр щIалэгъуалэм яфIэфIу къагъэсэбэп.

Ди жагъуэ зэрыхъунщи, 90 гъэхэм къэхъуа щIэблэм куэд къахэкIащ щэнхабзэ гъэсэныгъэ ямыгъуэту. Ауэ иджырейхэм я Iуэхур нэхъыфIщ, дунейри нэхъ тынш хъуащ. «Пушкиным и картэр» зиIэхэм ящыщ куэд япэщIыкIэ яфIэмыфIыщэу ди деж къакIуэу щытами, етIуанэ-ещанэ къэкIуэгъуэхэм щIалэгъуалэр яфIэфIу къызэрытхуеблагъэм гу лъыстащи, къызэрымыкIуэу сыщогуфIыкI. Уеблэмэ, езыхэр къэпсалъэурэ ди деж щекIуэкIынухэр зрагъащIэ, езыр-езыру билет къэзыщэхури мащIэкъым. Илъэс 14 - 22 ныбжьым къриубыдэхэм ятегъэпсыхьащ ар, ауэ схузэфIэкIамэ, сабийхэм апхуэдэ картэ нэхъ пасэу ирезгъэтынт. Сабийр щэнхабзэм нэхъ пасэу хэпшэху нэхъыфIу аращ.

**- Музыкэ театрым щылажьэ щIалэгъуалэм и гугъу уэзгъэщIынут.**

- ИлъэсипщI хъуауэ гъэ къэс, сезоныщIэ щыщIэддзэм деж, (шыщхьэуIу мазэхэм ирохьэлIэ), зэфIэкI зиIэ щIалэгъуалэхэм дахоплъэ. Абы къокIуалIэ ГъуазджэхэмкIэ Кавказ Ищхъэрэ институтыр къэзыухае къалэшхуэхэм музыкэ щIэныгъэ щызэзыгъэгъуэту ди деж къэзыгъэзэжа уэрэджыIакIуэхэр, къэфакIуэхэр, музыкэ Iэмэпсымэ зэмылIэужьыгъуэхэм хуэIэзэхэр. Абы и фIыгъэкIэ мы зэманкIэ Музыкэ театрым щылажьэхэм я процент 80-р зи щIалэгъуэщ. Къыхэзгъэщыну сыхуейт: ди щIалэгъуалэм зэфIэкI зэраIэм и щыхьэтщ иужьрей илъэс зыбжанэм ди къэралым и щIыпIэ зэхуэмыдэхэм щекIуэкIа зэпеуэхэм пашэ зэрыщыхъур. Псалъэм папщIэ, Магомаев Муслъим и фэеплъу илъэс къэс Грознэ къалэ щекIуэкI зэпеуэм 2022 гъэм Абей Рустамрэ Саенкэ Евгениерэ и лауреат хъуащ. 2021 гъэм IэпщэАлим а зэпеуэм и гран-прир къихьауэ щытащ, ещанэ увыпIэр Еваз Азэмэт къыхуагъэфэщат. Ахэр дэркIэ лъапIэщ.

**- Театрым и ехъулIэныгъэр куэдкIэ елъытащ режиссёрым. Абы и лъэныкъуэкIэ фи Iуэхухэр зэи Iеякъым...**

- Театрым и режиссёр нэхъыщхьэр КъБР-м гъуазджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ Дэбагъуэ Романщ. ЗэрыжаIэу, ар щхьэрэ цIэрэ къэзылэжьыжа режиссёрщ икIи щылажьэр ди деж и закъуэкъым. Роман ирагъэблагъэурэ Кавказ Ищхъэрэм и театр зыбжанэм ядоIэпыкъу. Лэжьыгъэшхуэ ди театрым щрегъэкIуэкI КъБР-м гъуазджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ Сафаровэ Тамарэ. Ди деж къакIуэхэм ящIэ театрым сабийхэм гулъытэшхуэ зэрахуищIыр. Репертуарым сабийхэм папщIэ лэжьыгъэ 15-м щIигъу хэтщ. Апхуэдэхэщ «Бременские музыканты», «Золушка», «Приключения Буратино», «Кот в сапогах», нэгъуэщIхэри. Мис абыхэм елэжьыр Тамарэщ.

Къызэрыхэзгъэщащи, ди солист, уэрэджыIакIуэ Iэзэ Абэнокъуэ Рустам ГИТИС-р мы гъэм къеух. Абы ди деж щигъэуващ «Волшебная лампа Аладдина» мюзиклыр. Сабийхэм я мызакъуэу, нэхъыжьхэри къакIуэурэ еплъащ абы, апхуэдизкIэ ягу ирихьати. Апхуэдэ лэжьыгъэ купщIафIэкIэ режиссёр IэщIагъэм зезыпщыта щIалэм дяпэкIэ фIы куэдкIэ дыщогугъ.

**- Сэ зэрысщIэмкIэ, театрхэм зым и утыкур адрейм хуит хуащI. Музыкэ театрыр иужьрей зэманым дэнэ щыIа?**

- Сац Наталье и цIэр зэрихьэу Москва дэт Сабий музыкэ театрыр гъэ кIуам иджы етIуанэу къэкIуащ. Дэри драгъэблагъэри, я деж зыкъыщыдгъэлъэгъуащ. Мы гъэм ди деж къэкIуэнущ Брянцевым и цIэр зэрихьэу Санкт-Петербург дэт НыбжьыщIэхэм я театрыр. Абыхэм илъэсищым щIигъуауэ дадолажьэ. Нэгъаби мы мазэми Невинномысск дыщыIащ, сабий спектакль дгъэлъагъуэу. ЦIыкIухэм къызэрымыкIуэу ягу ирихьати, къытрагъэзэжурэ еплъырт. Абы и щыхьэту къэбгъэлъагъуэ хъунущ, къызэгъэпэщакIуэхэм я лъэIукIэ, щIышылэ мазэм дгъэлъэгъуа спектаклхэм иджыри тIу зэрыщIыдагъэгъуэжар.

Мурад дахэ ди куэдщи, ди театрыр фIыуэ зылъагъухэр щIэщыгъуэ гуэрхэмкIэ дгъэгуфIэну зыдогъэхьэзыр.

*Епсэлъар*
**ЩОМАХУЭ Залинэщ.**
*Сурэтхэр*
**Къарей Элинэ** *ейщ.*




## Къэщ|эрей дыдэ

● Прозэу тха усэ

Мор-мыр жыхуаlэ къэщlэрей нэхъ цlэрыlуэхэр зэхуэсауэ я фlэщыпэу зэпеуэрт.

Щи, тхьэмадэр щlоупщlэ:

- Сыт псом нэхърэ нэхъ lэфlыр?

Адрейхэм зы гъуэтыгъуей гуэр къалъыхъуэхункlэ, зыгуэр къэпсалъэри жиlащ:

- Псом нэхърэ нэхъ lэфlыр псырщ.

Куэдрэ зэныкъуэкъуа, мащlэрэ зэныкъуэкъуа, сытми, икlэм-икlэжым, псори абы арэзы техъуащ.

- Нтlэ, сыт псом нэхърэ нэхъ лъапlэр?

Нэгъуэщlхэр мылъкум, былымым егупсысыхункlэ, нетlрей гуэрым жеlэ:

- Псом нэхърэ нэхъ лъапlэр зыри зыщlумыту къэбгъуэтарщ - Хэкурщ.

Абыкlи арэзы мэхъу зэхуэсахэр.

- Тlур тэмэму къэтхутащ, - жеlэ къэщlэрейхэм я тхьэмадэм, - иджы зы упщlэ къэнэжащи, абы и жэуапыр хэт къигъуэтми, къэщlэрей дыдэр мис аращ:

- Сыт псом нэхърэ нэхъ хьэлъэр?

Абы хуабжьу игъэгупсысащ къэщlэрей хасэм къыщызэхуэсахэр. Зым мывэ, жи, адрейм гъущl, жи.

Щымыхъужым, япэрей упщlитlым жэуап езыта лlыр аргуэрыжьу къопсалъэ:

- Мывэ е гъущl къыпхуэмыlэтыр зыгуэр зыдэбгъэlэпыкъуу къэпlэт мэхъу. Псом нэхърэ нэхъ хьэлъэр уи Хэкум пэlэщlэ ухъунырщ. Ар зыми къыбдигъэпсынщlэфынукъым.

**КЪЭЖЭР Хьэмид**.

● Шхыныгъуэ

## Кlэртlоф гъэва



Шыуаным тхъу иралъхьэ, пэшхьэкум трагъэувэри ягъэткlу. Абы тыкъыр цlыкlуурэ упщlэта бжьын халъхьэри мафlэ щабэм тету зэlащlэурэ ягъэлыбжьэ, шыбжий сыр хьэжа хаудэри, зэlащlэурэ тхъуэплъ дахэ хъуху ягъэлыбжьэ, псывэ щlакlэри, зы дакъикъэ нықъуэ хуэдизкlэ зэlащlэурэ къагъэкъуалъэ. Абы кlэртlоф укъэбза мыупщlэтар халъхьэ, шыгъу хадзэ, шыуаныщхьэр трапlэри, мафlэ щабэ дыдэм тету хьэзыр хъуху ягъавэ.

Кlэртlоф вар тепщэчым иралъхьэ. Абы и щlыlум тракlэж кlэртlофым къыщlэна псыр, лыбжьэри и гъусэу. Пщтыру яшх, шатэ, шху, кхъуей, нащэ гъэфlэlуа - щхьэж фlэфlыр - и гъусэу.

*Халъхьэхэр (цlыхуиплl lыхьэ):* кlэртlоф укъэбзауэ - г 800, зэрагъэвэну псыуэ - г 400, тхъуүэ - г 150-рэ, бжьыныщхьэ упщlэтауэ - г 300, шыгъуу, шыбжий плъыжь сыр хьэжауэ - узыхуейм хуэдиз.

**КЪУБАТИЙ Борис**.

● ГушыIэхэр

### Ар хуэдитl и уасэщ

Хьэжмурат зы щынэрэ зы мэлрэ ищэу бэзэрым тетт. Щынэм щlэупщlа гуэрым уасэр щыхуагъэлъагъуэм, фlэлъапlэ хъуауэ «Аллоуэхь», - жиlащ.

- Мыдрейм-щэ... - жиlэу щэхуакlуэр мэлым щекlуэталlэм:

- Ар «Алло-уэхьу» тlу и уасэщ, - итащ жэуап Хьэжмурат.

### Щхьэ укъызэупщlрэ-тlэ?

Мэз къикlыжрэ пэт, Хъуэжэ зылl кърихьэлlащ.

- Дэнэ ущыlа, Хъуэжэ? - къеупщlащ лlыр.

- Мэшых сыщыlащ, хукхъуэ къызошэ, - жиlащ Хъуэжэ.

- Атlэ уи гум илъыр пхъэи, мэз ущыlа хъунщ, - жиlащ лlым.

- Си гум илъри мэз сызэрыщыlари щыпщlэкlэ - емынэм узэрихуэрэ, щхьэ укъызэупщlрэ-тlэ? - жиlащ Хъуэжэ.

### Си егъэджакlуэщ

Автобусым ихьа лlым хуабжьу къыщыгуфlыкlащ япэ тlысыпlэм деж щыс цlыхубзитlым языр. Къыщыгуфlыкlам и мызакъуэу, къепсэлъащ, къеуэршэрылlащ.

Лlыр икlыжа нэужь, цlыхубзитl зэбгъэдэсыр зопсалъэ.

- Хэт, Мадинэ, а узэпсэлъар?

- Си егъэджакlуэщ. Абы нэхъыфlу слъагъу хэмыта дезыгъэджахэм.

- Ан-а-а, утэджу щхьэ умыгъэтlысарэ-тlэ, уепсалъэу ущымысу.

- Аlэ, сыт емыкlуу абы хэлъыр. Апхуэдэущ школми зэрыщыщытар: дэ дыщысу езыр къытщхьэщыту дригъаджэрт, - зыфlигъэlуэхуакъым абы и гъусэм къыжриlар.

**ЖЫЛАУ Нурбий**.

● Гурылъ темыпыIэхэр

## Уэ узылъыхъуэр къэбгъуэтрэ?

- Сыт апхуэдизу къэплъыхъуэр? Махуэ псом умыувыlэу удз гъэгъахэр щlыбопщытыкl, уи нэм дунейр зи инагъыр къеплъыхь, жэщ хъуамэ, вагъуэхэм фlэкlа lуэху уиlэкъым, «Мыбы нэхърэ мор нэхъ дахэжщ», - жыпlэу. Сыт апхуэдизу къэплъыхъуэр?

- Цlыхум и гум нэхърэ нэхъ дахэж къэслъыхъуэу аращ сэ махуэ блэкlам апхуэдизу сыщlыкlэлъыплъыжыр, жэщ къэблагъэм схуэмышэчыжу сыщlежьэр.

- Атlэ уэ узылъыхъуэр къэбгъуэтрэ?

- Плъагъукъэ, солъыхъуэ. А лъыхъуэныгъэм къысхуихь гуфlэгъуэм къыхызощыпыкl зы кlэух дахагъэрэ а кlэухым и пэщlэдзэ дахагъэмри, тlури зэпызогъэувэжри, махуэм и пэщlэдзэмрэ жэщым и кlэухымрэ изогъапщэ. А псоми я кlэух дахагъэр цlыхум и гум щызэхуэхьэсауэ щытмэ, цlыхум игури а дахагъэм пызыщэщ. Аращ щlэмычэу щlыгури уэгури щlыщlэспщытыкlыр.

**ТХЬЭЗЭПЛЪ Хьэсэн**.

● Теплъэгъуэ

## Зеикъуэ жэщхэр

Фщlэуэ пlэрэ фэ зеикъуэ жэщхэр?! Уоу, фэ фщlэркъым зеикъуэ жэщхэр! Уафэгу гъунапкъэншэм къиплъыкl мазэм, дыжьын нуру, щlым зытреубгъуэ. Хьэуар къабзэщ, салъкъыныр гум деху, епэрымэ зэхэшахэри lум щабэу йотlысхьэ. Тхьэ жэщщ! Удэзыхьэх жэщщ!

Заущэхуащ мэзхэм, жэщым и жьауэм щlыхьащ. Щэхущ икlи сабырщ псыlущlэ цlыкlухэр. Псы щlыlэ хуэфlыцlафэр нэщхъейуэ щыгъэрщ жыг щхъуантlэхэм я куэщlхэм. Цlыхуlэ зэмыlуса хъумбылейхэмрэ балийlэрысей lувхэмрэ я лъабжьэхэр хуашияңщ псынэ салъкъынхэм, я тхьэмпэхэр зэзэмызэ жьым щlеупскlэ, язынькъуэми жэщ акъужь щэхурыпхъуэм абыхэм запщlыхедзэ. Ихъуреягъ псори мэжей! Щощхьэукъуэ бгы лъапэм къуажэр. Ауэ, ищхьэмкlэ, уафэгур нэхуу маблэ, вагъуэхэр къоцlу. Тхьэ жэщщ! Удэзыхьэх жэщщ!

Арыхxэу псори къопсэуж - мэзхэри, псы lущlахэри, губгъуэхэри. Нэхэр зрамыгъэплъу кlыфlым зыкъыхабзыкl унэ уардэхэм. Къреш зеикъуэ бзум и уэрэдыр, къыпщохъу абы дуней псор щlэдэlуу. Щlыналъэ телъыджэщ, удэзыхьэхщ!

**ДЖЭДГЪЭФ Аслъэмырзэ**.

## Псалъэзэблэдз




***Къехыу:*** **1**. Ерыскъы, псы иризэрахьэу ятlагъуэм къыхащlыкl хьэкъущыкъу. **2**. Гъуаплъэм къыхэщlыкlа шыуанышхуэ. **3**. Адыгэ шхыныгъуэ: лы пшэр хьэжам бжьын, бжьыныху хаупщlатэ, абыкlэ кlэтlий гъэкъэбзар якудэри ягъэгъуж. **4**. Нартыху гъэлыгъуам къыхэщlыкlа хьэжыгъэ. **7**. Шэрэдж щlыналъэм хыхьэ адыгэ къуажэ. **10**. Нартыху хьэжыгъэм къыхащlыкl адыгэ шхыныгъуэ. **11**. Жьапщэ ин, уэшх, уэс щlэту. **12**. Унэм щызэрахуэ lэщ цlыкlу лъэпкъ. **13**. Псыи хъуни здэщымыlэ щlыпlэ.

***Екlуэкlыу:*** **5**. Зыщагъэпскl унэ. **6**. Лъэныкъуитlыр lуэхукlэ зэпызыщlэ. **8**. Купкъ зэрылъ пхъэщхьэмыщхьэ гуащlэ, балийм нэхърэ нэхъ ину. **9**. Тхьэмахуэ зэхуакум щыщу гъубжым къыкlэлъыкlуэ махуэр. **12**. Дамэпкъ, дамэ, lэфракlэм къыщегъэжьауэ дамэм нэс. **14**. Унэ щlыбагъ. **15**. Алэрыбгъум ещхьу къамыл щабэ зэlуща.

*Зэхэзылъхьар* **БИЦУ Жаннэщ**.

**Щlышылэм и 21-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:**

***Екlуэкlыу:*** **1**. Мажьэ. **3**. Иlэщ. **7**. Щауэ. **8**. Изрэ. **9**. Джэд. **12**. Псым. **13**. Джэду. **17**. Пэт. **20**. Елъагъу. **21**. Щlакlуэ. **22**. Щхьэм. **23**. Жэрщ.

***Къехыу:*** **1**. Мыщэ. **2**. Жьыуэ. **4**. lэзэ. **5**. Щхьэж. **6**. Ягъэш. **10** Зыщ. **11**. Щэм. **14**. Лэпс.**15**. Тетщ. **16**. Къашэ. **18**. Мащэ. **19**. Дэзщ.

● ЖыIэгъуэхэр

## Укlытэр зэщ зэрыпфlэкlуэдыр

**♦Фlым къыхуэмышэр lейм къехy.**

**♦Мы зэзымыпэсым мыlэрысэ хуэфащэкъым.**

**♦Уи псалъэри уи мылъкум хуэдэу зэгъэзэхуэн хуейщ.**

**♦Сабий макъхэр уи пщlантlэм къыдэlукlмэ, уунагъуэ насыпыфlэщ.**

**♦Зыри зумыщlэфыну lуэху гуауэр, лlыгъэ зыхэлъхьи, шэч.**

**♦Аргъынэ уэдым lэмбатэ пшэр зэи къуитынукъым.**

**♦Сыт хуэдэ удзми езым и гъэгъэкlэ иlэжщ, дэтхэнэ цlыхуми езым и псэукlэ зэриlэжым хуэдэу.**

**♦Укlытэр зэщ зэрыпфlэкlуэдыр.**

**♦Цlыху дыдж куэд тетщ дунейм, абы и lэфlагъыр пщагъэгъупщэфу.**

**♦Зи гъэтlылъыгъэм хэмыlэбэну хуейхэр щlыхуэ къэщтэрейщ.**

**♦Фlыщlэ жыгыр хэсэгъуей щхьэкlэ, къыпыкlэр пшхыну lэфlщ.**

**♦Сабийр дахэу фхуапэми, lэфlу вгъашхэми, хьарзынэщ, ауэ гъэсэныгъэм нэхъ фегугъу.**

**♦Уимыlуэхуу уагъэлэжь псори хьэлъэщ.**

**♦Гъащlэм удекlуэкlыфмэ, ар фlыуэ къыпхуэгъэщlэнущ.**

*КlУРАШЫН Алий.*



**● Щапхъэ**





# Софият адыгэбзэр Амман щрегъэдж

**«Россия-1» урысейпсо телерадиокомпанием и щIыналъэ къудамэм и журналист Вэрокъуэ Софият Амман, пащтыхьыкъуэ Хьэмзэ и цIэр зезыхьэ Адыгэ школым, ирагъэблэгъауэ адыгэбзэр щрегъэдж.**

ЗЭРЫСАБИЙРЭ журналист IэщIагъэм щIэхъуэпс Вэрокъуэм курыт еджапIэр къыщиухым, КъБКъУ-м журналистикэ факультетыр иджыри къыщызэIуахатэкъым. Адэанэм нэгъуэщI къалэ ямыгъэкIуэн щхьэкIэ, КъБКъУ-м и филологие факультетым урысыбзэмрэ урыс литературэмкIэ и къудамэм щIагъэтIысхьат. ЕджапIэр къызэриухыу, «Росссия-1» телеканалым япэщIыкIэ титрхэмкIэ редактору, иужькIэ корреспонденту, хъыбарыщIэхэр иригъэкIуэкIыу къащтащ.

- А зэманым хъыбарыщIэхэмкIэ къудамэм и унафэщI Къэзанш Людмилэ си бзэр игу ирихьырти, адыгэбзэкIэ къат хъыбарыщIэхэм я тхыгъэхэр згъэхьэзырыну, сюжетхэр зэздзэкIыну, езы «Вести КБР» нэтынри езгъэкIуэкIыну пщэрылъ къысщищIат, - жеIэ Софият. - ИлъэситIкIэ а лэжьыгъэм сыдихьэхыу сыпэрытащ. Ауэ, теленэтынхэмрэ творческэ проектхэмрэ згъэхьэзырыну Iэмал сыщимыIэм, «1 КъБР» телеканалым сыкIуащ икIи «Къэрабэ» сабий нэтыныр згъэхьэзырыжурэ езгъэкIуэкIащ, ГъукIакъуэ Идар и гъусэу. Сабийхэм садэлэжьэну сфIэфIти, ахэр си нэтыным куэдрэ къыхэсшэрт. Ар цIыхухэм фIыуэ ялъэгъуат. Илъэс нэужьым а нэтыныр зэхуэсщIыжын хуей зэрыхъуар я жагъуэ хъуат программэм къезгъэблагъэ цIыкIухэми я адэ-анэхэми. Гуапэщ абыхэмрэ сэрэ дызэрызэрыщIэр, балигъ хъуа я бынхэм я сурэтхэр къызэрысхурагъэхьыр.

Анэдэлъхубзэр фIыуэ зылъагъу Софият мурад ищIат и сабийхэм адыгэбзэр ярыгъэщIэну. АрщхьэкIэ, дэтхэнэ къалэдэсми хуэдэу, цIыкIухэм тыншу къапхъуэта урысыбзэм адыгэбзэр Iэпэдэгъэлэл яригъэщIу гу щылъитэм, адыгэ хабзэм, бзэм, щэнхабзэм я пщIэр зэрехуэхым гууз-лыуз хузиIэхэм ящыщти, мурад ищIащ абыхэм фIыуэ ялъагъу таурыхъхэр зыдигъэIэпыкъуурэ и бынхэр дригъэхьэхыну. Зым и дежкIи щэхукъым, Урысейм щыпсэу нэгъуэщI лъэпкъхэми хуэдэу, адыгэ сабийхэр иджыпсту урысыбзэкIэ зэрыпсалъэр, урыс таурыхъхэм нэхъыбэу зэрыдахьэхыр. Къалэдэс сабийхэм къадэкIуэу, къуажэдэсхэри анэдэлъхубзэм хуэхамэу, урысыбзэр уэрсэру ягъэшэрыуэу къыщIыдэкIуэтей щхьэусыгъуэхэм мультфильмхэри хохьэ. ГъащIэм зэрыщыхабзэщи, бгъэдыхьэкIэ къыхуэбгъуэтмэ, дэтхэнэ зы Iуэху зэIумыбзми хэкIыпIэ къызэрыхуэбгъуэтыфынур къилъытэри, иджырей урыс, хамэ къэрал таурыхъхэр адыгэбзэм кърigъэзэгъэну иужь ихьащ.

Нэхъапэм сабийхэр топ, гъуэрыгъуапщкIуэ, псыутх жыпIэми, нэгъуэщI джэгукIэ хьэлэмэтхэм дахьэхыу щытамэ, иджы ди нэгу щIокI зэманым зэрызихъуэжар. Иджырейхэр телевизор, планшет, жып телефон жыпIэми, щхьэж зыхуэщIа Iэмэпсымэхэр къагъэсэбэпурэ, цIыкIухэр жэщ-махуэ жамыIэу таурыхъхэм йоплъ, Интернетым «щокIуэд». «Барбоскины», «Мимимишки», «Лунтик», «Фиксики», «Три кота», «Щенячий патруль», «Синий трактор», «Двенадцать месяцев», «Жил был пёс», «Дюймовочка», «Золотая антилопа», сабийхэр дэзыхьэх нэгъуэщI таурыхъхэм адыгэбзэкIэ еплъмэ нэхъ гъэщIэгъуэныж зэращыхъунум шэч къытримыхьэу, Вэрокъуэр а Iуэху щхьэпэм яужь ихьащ. Къыхэгъэщыпхъэщ, анэдэлъхубзэм кърigъэзэгъэну таурыхъхэр къыщыхихкIэ, Софият сабийхэм я деж щIэупщIэ нэхъ щызиIэхэр япэ зэрыригъэщыр, абы и лъэныкъуэкIэ цIыкIухэм я адэ-анэхэм зэрызыкъыхуагъазэ лъэIухэмрэ чэнджэщхэмрэ къызэрилъытэр, Интернет зэпыщIэныгъэхэр абыкIэ сэбэп зэрыхъур.

- Езгъэжьэу япэу адыгэбзэ зыщIэслъхьа «Барбоскины» мультфильмым си сабийхэр щезгъэплъам ягу зэрырихьам дамэ къыстригъэкIащ. Псом хуэмыдэу згъэщIэгъуат тIуми абы щыщ псалъэухахэр къытрагъэзэжурэ зэрыжаIэр. Адыгэ унагъуэхэм я щIэблэм яхуэщхьэпэн хуэдэу а таурыхъхэр YouTube каналым къислъхьэу щIэздзащ. ИтIанэ ахэр Инстаграммымкiэ зэбгрезгъэхащ. Ахэр зылъагъухэр абы щыгъуэм куэдкIэ нэхъ мащIэт, ауэ ягу зэрырихьыр, щIэупщIэ зэраIэр къызэрыслъагъэIэсыр гуапэт. А Iуэхугъуэм нэхъри сытригъэгушхуат уэрэд цIыкIухэр зыщIэт, нэхъ гугъуу къысщыхъу мультфильмхэм я ужь сихьэнымкIэ икIи ахэри къызэхъулIауэ къалъытащ, - жеIэ Софият.

Вэрокъуэм зэридзэкI мультфильмхэм хэт лIыхъужьхэр «къэзыгъэпсэлъэн» хуейуэ Интернетым хъыбар щрилъхьэм, къыдэIэпыкъуну хьэзырхэр мымащIэу къыпэджэжащ. А лъэныкъуэмкIэ Софият и лэжьыгъэр куэдым къызэрыдагъэпсынщIэр Iуэхур зыгъэкIуатэхэм ящыщщ. Къыпэджэжахэр япэу къызыхиша «Мазэ пщыкIутI» мультфильмыр цIыху куэдым зэдагъэхьэзыращ икIи ар цIыкIухэм ягу дыхьащ. Абы къыкIэлъыкIуащ «Снежная королева», «Дюймовочка», «Морозко» мультфильмхэр.

Зы илъэскIэ узэIэбэкIыжмэ, Мейкъуапэ и «Черкесская медиаплатформа» IуэхущIапIэм и проектым Софият ирагъэблэгъащ - «Мимимишки» мультсериалыр зэдзэкIынымрэ абы псалъэхэр щIэлъхьэнымкIэ къыдэIэпыкъуну. Иджыпсту а сериалыр адыгэбзэм и къэбэрдей, кIэмыргуей диалектхэмкIэ зэрадзэкI, макъхэри щIалъхьэ. ЗэрадзэкIа сериехэр псори «Circassian-TV» каналым иралъхьэ. Апхуэдэу а каналым къыщывгъуэтынущ Софият и лэжьыгъэхэм ухэзышэ видеороликхэр. «Черкесская медиаплатформа» IуэхущIапIэм «Лео и Тиг» мультфильмым и серие 26-м я лицензэ къищэхуащ.

Гуапэт адыгэбзэр хъумэным, зы мащIэкIэ нэхъ мыхъуми, хэлъхьэныгъэ хуэщIыным хуэунэтIа мы Iуэху дахэм дэнэкIэ щыIэ ди лъэпкъэгъухэр зэрызэщIигъэуIуар. Тыркум, Сирием, Иорданием, Германием, Америкэм и Штат Зэгуэтхэм, нэгъуэщI щIыпIэхэм щыпсэу ди лъэпкъэгъухэр Софият къыхуотхэ, къопсалъэ фIыщIэ, хъуэхъу псалъэ гуапэхэр къыжраIэу, адыгэбзэр нэгъуэщI лъэпкъхэм я бзэхэм хэмышыпсыхьыжынымкIэ къащхьэпэну лэжьыгъэр хыфIимыдзэу адэкIи пищэну къелъэIухэу.

- Апхуэдиз цIыху къызэрысщыгугъыр зыхэсщIэу, пщэрылъ зыщысщIыжащ дяпэкIи мы Iуэхум зезгъэубгъуну. КъищынэмыщIауэ, сабий нэтын зэмылIэужьыгъуэхэр згъэхьэзырыну си хъуэпсапIэщ. Ар къызэхъулIэн папщIэ, си напэкIуэцIым зи Iэ щIэлъ цIыхухэм я бжыгъэр нэхъыбэ хъун хуейщ, си закъуэ къарукIэ ар сызыпэмылъэщын Iуэхугъуэщи. Ари къыздэзыгъэкIуатэхэм фIыщIэ яхуэфащэщ. Мы Iуэхум ехьэлIа проект згъэхьэзырри, грант зэпеуэ сыхыхьати, ари къэсхьащ, - жеIэ Софият. - Нэхъыщхьэращи, адыгэбзэр гъэлэжьэнымкIэ, щIэблэм ар яIурылъу къэгъэхъунымкIэ си проектым мыхьэнэ иIэу къэзылъытэхэр къыздоIэпыкъу си напэкIуэцIым и щIэупщIэр нэхъри драгъэкIуеинымкIэ. СэркIэ куэд и уасэщ лъэпкъым щыщ куэд къызэрыскъуэувэр.

Телевиденэм адыгэ нэтынхэр щигъэхьэзыру илъэс пщыкIутхукIэ лэжьа Софият адыгэбзэм теухуауэ ищIэм щыгъуазэт Тыркум, Иорданием, нэгъуэщI къэралхэм щыщ егъэджакIуэхэр. Абыхэм хъыбар кърагъащIэрт зэридзэкIа таурыхъхэр я дерсхэм къызэрыщагъэсэбэпым икIи ахэр къазэрыщыхуэщхьэпэм теухуауэ. Сэбэп къахуэхъуну къалъытэ видеороликхэр зыхуэдэр къыжраIэрт, бзэр егъэджыным теухуахэмкIи къечэнджэщырт. И лэжьэгъу Алъэсчыр Радимэ и гъусэу Амман адыгэбзэр щрагъэджыну Дунейпсо Адыгэ Хасэм щигъакIуэм, куэдрэ мыгупсысэу арэзы техъуащ икIи а Iуэхум дихьэхауэ пэрытщ. Софият игу къинэжахэм ящыщщ иджыри Налшык щылажьэу, зэгуэр Иорданием кIуэнуи и пщIыхьэпIэ къыщыхэмыхуэм, иджы Амман щылажьэ школым къегъэщIылIа сабий гъэсапIэм и гъэсакIуэхэм папщIэ усэ зэридзэкIауэ зэрыщытар.

- Школым къекIуалIэ сабийхэм адыгэбзэр зыщIэу яхэтыр мащIэми, я щэнхабзэм хуэдэу я анэдэлъхубзэри фIыуэ ялъагъу икIи зэрызрагъэщIэным хущIокъу. НыбжьыщIэхэм лъэпкъ къафэхэм, макъамэ IэмэпсымэхЭм зыхуагъасэ. Адыгэ уэрэдхэм дихьэххэри мащIэкъым. Хьэрыпыбзэр щытепщэ щIыналъэм адыгэбзэр щыпхъумэжыну зэрымытыншырщ мыбдеж ди нэгу щыщIэкIыр. Дауэ хъуми, сабийхэм анэдэлъхубзэр зэрезгъэщIэным сыхущIэкъунущ. Адыгэбзэр зэрырагъэдж тхылъхэр мыбы зэрыщымащIэм Iуэхур нэхъри къелъахъэ. ЕгъэджакIуэхэр иджыпсту абы долэжь. КъищынэмыщIауэ, Адыгэ Хасэм екIуалIэ балигъхэми адыгэбзэр зэраджыну тхылъ догъэхьэзыр, - жеIэ Софият.

Вэрокъуэм и лэжьыгъэхэм зыщыхэвгъэгъуазэ хъунущ абы Инстаграмым щиIэ sofiyavorokova напэкIуэцIым, Телеграмым къыщызэригъэпэща «Псысэхэр» и каналым. А таурыхъхэр зылъагъухэм зэбграгъэкIыурэ адыгэ сабий зэрыс дэтхэнэ зы унагъуэми лъагъэIэсамэ, мы Iуэхум хуабжьу хуэщхьэпэнут.

**ТЕКIУЖЬ Заретэ.**

**● Урысей гвардие**

## Бэшэчагъымрэ гупсысэмрэ зрагъэужь

**КъБР-м щыIэ Урысей гвардием и управленэм щекIуэкIащ шахматымкIэ зэпеуэ. Абы хэтащ щIыналъэ управленэм и IэнатIэхэм я лэжьакIуэхэмрэ дзэ къулыкъущIэхэмрэ.**

КОМАНДЭ зэпеуэм щытекIуащ ведомствэм щIэмыт хъумакIуэ IэнатIэм и гупыр. ЩIыналъэ управленэм ейр етIуанэ хъуащ. Домбеякъыр лъысащ ОМОН-м и командэм.

Турнирым и щхьэзакъуэ зэпеуэм щытекIуащ Урысей гвардием Налшык къалэмкIэ ведомствэм щIэмыт и хъумакIуэ къудамэм и лэжьакIуэ, полицэм и старшина КIэфо Мурат.

- Шахматым зрегъэужь гупсысэм, бэшэчыгъэм, набдзэгубдзаплъагъэм, ипэкIэ укIуэным, - къыхигъэщащ щIыналъэ IэнатIэм Iэпкълъэпкъыр псыхьынымрэ спортымкIэ и унафэщI, капитан Нэгъуей Аскэр.

**БАХЪСЭН Азэмэт.**



**● Суд приставхэм**

## ЩIыхуэр зытригъэкIащ хамэ къэрал зыщигъэпсэхун папщIэ

**Урысей ФССП-м и управленэу КъБР-м щыIэм и Май район къудамэм щIэлът щIыпIэм щыпсэум ехьэлIа тхылъыр. ЦIыхухъум балигъ мыхъуа и къуэр ипIынымкIэ и къалэным зэман кIыхькIэ зыпыIуидзат икIи сом мини 120-рэ щIыхуэу къытехуат.**

САБИЙМ и хуитыныгъэр зэфIигъэувэжащ суд приставым. Абы щIыхуэ зытелъыр щыгъуазэ ищIащ и къалэнхэр имыгъэзащIэмэ, жэуап зэрихьынум.

ЦIыхухъум и мурадт и зыгъэпсэхугъуэр нэгъуэщI къэралым щигъэкIуэнуи, и сабийм и щIыхуэ зэрытелъыр зэран къыхуэхъуащ икIи Урысей Федерацэм икIыну хуит ящIакъым.

Щыпсэум къигъэзэжа нэужь майдэсым ахъшэр зэрипшынамкIэ тхылъыр суд приставым иритащ. Абы зэритымкIэ, адэм телъ щIыхуэр нэсу зытригъэкIыжащ.

**УАРДЭ Жантинэ.**

Редактор нэхъыщхьэ ЖЫЛАСЭ Заурбэч

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ПИ № ТУ07-00117-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI. 12+

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым – 42-56-19; унафэщI-редакторхэм - 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66

Индексыр П 5894 • Тиражыр 1.616 • Заказыр №151

ДИ ХЭЩIАПIЭР 360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Ленинымм и цIэр зезыхьэ уэрам, 5, егъгъуанэ - епщIанэ къатхэр.

Газетым Iэ щытрадзар сыхьэт 18.00-рщ.

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ. 357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А